*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 61 (25790)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 11 апрел — хуымгæнæны мæйы 11 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ДИХТÆ, ДИХТÆ – НÆ, ФÆЛÆ

3 РУХСМÆ – ИУМÆ ÆНГОМÆЙ!

4 ИРОН ÆГЪДÆУТТÆ
*Куадзæн — комуадзæн*

**Лæгдзинады тыххæй**

# Гобеты Ибрагимы æмæ Гæбуты Игоры хæрзиуджытæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрады хæрзиуджытæ радта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг ГОБЕТЫ Ибрагим æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг, къорд "Аланыстон"-ы раздæры разамонæг, ныр та цырд уагахсты къорды командæгæнæг ГÆБУТЫ Игорæн.**



Республикæйы разамонæг сын радта "Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг"-ы майдантæ, цы стыр бæрнон хæстæ сыл æвæрд цæуы, уыдон æнтыстджынæй кæй æххæст кæнынц, уый тыххæй сын бузныг загъта. Куыд ма бафтыдта, афтæмæй сын йæ зæрдæ зæгъы æнæниз æмæ арæхстджын уæвын.

Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрады майдан "Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг" фидаргонд æрцыд 2022 азы 10 августы. Бындурæн райстой "Сырх Стъалыйы" советон орден. Хуызæрдæм дзы бæрæг у "Сырх Стъалы", уый советон дуджы рæстæг уыд кадджын хæрзиуæг. Сæрмагонд æфсæддон операцийы нысантæ æххæст кæныны чи фесгуыхт, уыдон дзы хорзæхгонд цæуынц.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Хъырымаг назбæласы талатæ

**Æрæджы Хуссар Ирыстоны ныссагътой хъырымаг назбæласы 5 мин талайы бæрц. Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта Хъæды хæдзарады республикон управленийы разамонæг ЧЕЛÆХСАТЫ Таймураз.**

Управленийы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, талатæ республикæмæ сластой Ростовы облæстæй. "Бæлæсты иу хай ныссагътам Ленингоры районы, иннæ хай та — Цхинвалы районы", — загъта Челæхсайы-фырт.

Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй управленийы специалисттæ хъæды хæдзарады зæххытыл æрвылаз дæр ныссадзынц бирæ ног талатæ.

***(Информацион агентад "Рес")***

**Райрæзты нысантæ**

## Сергей Меняйлойы кусæг балц Елхотмæ

Знон Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло кусæг балцы уыд Кировы районы.

Республикæйы Сæргълæууæг Елхоты архайдта, сæрмагонд федералон программæйы фæлгæты хъæууон цæрджытæн цы ног цæрæн хæдзæрттæ саразтой, уыдон эксплуатацимæ радтыны фæдыл кадджын æмбырды. Уый фæстæ Сергей Меняйло бабæрæг кодта хъæууонхæдзарадонкуыстадон кооператив "Де-Густо".

Уыцы фембæлдтыты архайдтой "Рæстдзинад"-ы уацхæсджытæ дæр. Се 'рмæг сын кæсут газеты иннæ номыры.

**Ахъаззаг ныхас**

# Размæцыды программæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис, Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, архайдта республикæйы социалон-экономикон рæзты фарстатимæ баст æмбырды. Амыдта йæ Уæрæсейы экономикон рæзты министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ.**

Ныхасы ма архайдтой Экономикон рæзты министрады Цæгат Кавказы социалон-экономикон рæзты паддзахадон программæты департаменты разамонæг **Камиль Бексултанов**, хицауады федералон оргæнты минæвæрттæ. Уыдон рæгъмæ рахастой социалон объекттæ аразыны, цалцæг кæныны, рацаразыны нысантæ: æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, культурæйы, спорты, иннæ къабæзты.



Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй хъуамæ бавналой 112 пунктæй конд республикæйы социалон-экономикон рæзты мадзæлттæм. "Нысантæ сæххæст кæндзыстæм 2026 азмæ, уыдонæй 49 хауынц Бесланы генералон пъланмæ, 45 сты Горæтгæрон æмæ Мæздæджы районты ног объекттæ. Фыццаг хыгъдæй ма баззад 18 хъуыддаджы. Ныртæккæ дзы цалдæрыл куыст цæуы. Республикæйы цæрджытæ пайда кæнынц Октябрыхъæуы ныркон поликлиникæйæ, Чермены хъæуы рæвдауæндонæй, Ногиры скъолайæ, Æрыдоны спортивон комплексæй. Федералон æмвæзады алывæрсыг æххуыс исæм, зæгъæм, 2023-2025 азты бюджеты бавæрдтой 6 миллиард сомы 56 нысанæн. Тагъд сбæрæг уыдзысты 44 объекты æхцайы гуырæнтæ. Аразыны æмæ цалцæг кæныны тыххæй куырдиæттæ бадæттыны хъуыддæгты нын æмгуыстад ис федералон ведомствæтимæ", — загъта Хицауады Сæрдар.

Куыд ма бафиппайдта, афтæмæй ныртæккæ республикæйы разамындæн ахсджиаг у егъау программæ царды рауадзын. Сергей Назаров куыд бацамыдта, афтæмæй хъуамæ Бесланы социалон объекттæ афойнадыл арæзт æрцæуой.

Ныртæккæ Бесланы бавнæлдтой районы поликлиникæйы, ахуыргæнæн скъолаты, Сывæллæтты сфæлдыстады хæдзар æмæ æндæр социалон объектты рацарæзт æмæ арæзтадмæ. Уымæй уæлдай, Алагиры Культурæйы хæдзар "Фæскомцæдисон" рацаразынмæ хъавынц, хъæуты фæзындзысты спортивон фæзтæ, культурæйы объекттæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Национ проекттæ**

## "Æнæниздзинад": Хъарман-Сындзыхъæуы ног амбулатори

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы, куыд иннæ уæрæсейаг регионты, афтæ дарддæр æххæстгонд цæуынц фыццаградон национ проекттæ. Уыдонæй иу — "Æнæниздзинад".**

Амынд проекты фæлгæты республикæйы арæзт æмæ цалцæггонд цæуынц ног медицинон кусæндæттæ. Афтæ, цалдæр боны размæ кадджын уавæры байгом кодтой Дыгуры районы Хъарман-Сындзыхъæуы ног амбулатори.

Ног арæзт медицинон кусæндоны специалистты бон у иу радмæ 50 адæймагæн балæггад кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, амбулаторийы бæрны уыдзысты 2,5 мин адæймаджы.

Ныронг амбулатори йæ куыст кодта бынæттон администрацийы бæстыхайы. Æмæ уый, кæй зæгъын æй хъæуы, медицинон кусæндоны архайды æвзæрын кодта иуæй-иу къуыхцытæ. Ныр бынæттон цæрджыты фæрныгадæн кусын райдыдта, боныгон стационар æмæ цалдæр кабинеты кæм ис, ахæм ныркон амбулатори.




Нырæй фæстæмæ амбулаторийы сæ куыст кæндзысты терапевт, педиатр, акушер, санитар æмæ цыппар медицинон хойы. Сæрмагондæй зæгъын хъæуы, терапевт æмæ сывæллæтты дохтыр, амбулаторийы сæрмагонд федералон программæтæ "Хъæууон дохтыр" æмæ "Хъæууон фелсыр"-мæ гæсгæ кæй кусынц, уый.

**Нæ уацхæссæг**

**Ахуырад**

## Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ...

**Цæгат Ирыстоны дарддæр цæуы иумæйаг паддзахадон фæлварæн дæттынмæ бацæттæ кæныны куыст.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй паддзахадон фæлварæнтæ дæттыны сæйраг æмгъуыд райдайдзæн 26 майы. Уыцы бон скъолаты рауагъдонтæ сæхи равзæрстмæ гæсгæ дæтдзысты фæлварæнтæ географийæ, литературæ кæнæ химийæ.

Æппæты дзыллондæр фæлварæн — уырыссаг æвзагæй — нысангонд æрцыд 29 маймæ. 1 июны уыдзæн математикæйæ фæлварæн, 5 июны — истори æмæ физикæйæ, 8 июны — æхсæнадзонынадæй, 13 июны — биологи æмæ фæсарæйнаг æвзаджы фысгæ хайæ, 16 æмæ 17 июны — фæсарæйнаг æвзаджы дзургæ хайæ æмæ 19 æмæ 20 июны — информатикæйæ.



Профилон ведомствæты минæвæртты ныхасмæ гæсгæ, æппæт цæттæгæнæн мадзæлттæ дæр цæуынц пъланы бындурыл.

**Нæ уацхæссæг**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн

**1 апрелы райдыдта 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**



**Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр.**

**2023 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1356 сомы; адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1106 сомы æмæ 82 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абоны æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***Редакци***

**Пресс-конференци**

# Æмгуыстады фарстатæ

**Ирыстоны технопарк саразыны хъуыддагмæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО уæлдай æргом здахы. Йæ фæндонмæ гæсгæ мартъийы кæрон Новосибирскмæ кусæг балцы ацыд амалхъом РЕУАЗТЫ Валери, бынаты базонгæ Уæрæсейы раззагдæр регионы рæзтимæ. Дарддæр дыууæ регионы 'хсæн æмгуыстады фæдыл РЦИ-Алани æмæ Новосибирск бафысдзысты бадзырд. Цы къабæзты, уый тыххæй Реуазы-фырт фехъусын кодта журналисттæн.**

Хъæууонхæдзарадон, фармацийы, информацион, био æмæ нано-технологиты фарстаты Новосибирск у Уæрæсейы раззагдæр горæт. Уæрæсейы академийы сыбираг хайад, алыхуызон наукон-иртасæн институттæ бабæрæг кæныны фæстæ фæбæрæг кодта, республикæйы рæзтæн фылдæр пайда цы къабæзтæ æрхæсдзысты, уыдон.

Фыццаджыдæр, уый хауы завод "Электроцинк"-ы хауæццæгтыл ногæй бакусынмæ, республикæйы хæхбæсты зайæгойтæй хостæ уадзынмæ, экологон æмæ хойрæгтæ уадзæг технологитæм.

Республикæйы цæхгæр лæууы бырондæтты экологон фарста, новосибирскæгтæ бакуыстой ууыл дæр, сæ фæлтæрддзинадæй, гæнæн ис, æмæ нæ республикæйы дæр спайда кæной. Ахуыргæндтæ æрхъуыды кодтой каучукы хуыз, кæцы æрдзонæй дæлдæр нæ лæууы. Уый та санкциты рæстæг стыр ахъаз у куыстады рæзтæн.

Медицинæйы къабазы дæр сыбирæгты зонындзинæдтæй ис спайда кæнæн. Стджыты, сылгоймæгты æмæ нæлгоймæгты низтæ дзæбæх кæныны хъуыддаг бæрзонд æмвæ-



задыл у Имплантологийы наукон-иртасæн институты, хуымæтæг анализы фæрцы дзы сбæрæг кæнынц нæлгоймæгты ракы низ. Ахсджиаг ма у уый дæр, æмæ Ирыстонæй ацы институты ординатурæ æмæ аспирантурæйы ахуыр кæнынмæ æрыгон специалисттæ æрвитынæн фадат уыдзæн.

Технопарчы стажировкæ кæнынмæ æрвитдзысты хъæууон хæдзарады кусджыты æмæ студентты дæр.

Новосибирскы технопарк æрмæст ивгъуыд аз æфтиаг æрхаста 350 миллиард сомы. Сæ фæлтæрддзинадæй спайда кæндзысты нæ республикон парк аразгæйæ. Ам прибортæ аразыны, хъæууон хæдзарады æмæ туризмы къабæзты цы ис хорзæй, уый хаст æрцæудзæн Ирыстоны технопаркмæ.

Амалхъом адæймаджы балцы сæйраг нысан уыд, нæ республикæйы технопарк аразыны хъуыддаджы сыбирæгты фæлтæрддзинадæй спайда кæнын æмæ бадзырдтæ бафыссынæн бындур сæвæрын.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

## Дзырды фарн

*Хорз лæгæн йæ кой нæ сæфы,*
*йæ хъуыдытæ нæ мæлынц.*

*ГÆДИАТЫ Секъа*

Æргом ныхасы къæм нæй



# Дихтæ, дихтæ — нæ, фæлæ

**Уæрæсейы цы бирæ адæмыхæттытæ цæры, уыдон кæдфæнды дæр лæгæвзарæны рæстæг бангом вæййынц. Уæдæ ирон адæм дæр тыхтонайы рæстæг кæрæдзимæ уæхски-уæхск балæууынц. Абон нæ бæстæйыл тæссаг бон скодта. Æмæ нæ хъæуы кæрæдзийæн ныфсы мæсыг уæвын. Нæ Фыдыбæстæйы сæрмæ сау мигътæ æрбамбырд сты. Уæрæсемæ фæсарæнтæй, пирæны коммæ лæбурæгау, алырдыгæй гæппæввонгæй лæууынц, нæ лæппутæ карз тохы бацыдысты украинаг фашисттимæ, сæ удтæ уæлдайгæнгæйæ, украинаг сывæллæтты, сылгоймæгтæ æмæ зæрæдты ирвæзын кæнынц. Ис ахæмтæ нæ фæсивæдæй, æмæ хæстонтæн гуманитарон æххуыс чи ласы, уæрæсейаг, ирыстойнаг музыканттæ сæм цæуынц, цæмæй сын сæ аивадæй сæ зæрдæтæм рухс бауадзой æмæ сæ разæнгард кæной, уымæй зоной нæ хæстонтæ, алы уысм дæр сыл ам кæй хъуыды кæнæм, уый. Уый дæр фæцу æмæ ма ’рцуйы фæндаг у, уæдæ цы.**

**Уæрæсейы сæфтмæ чи бæллы, ирон адæмы куынæг кæнынæл чи архайы, уыцы бæстæтæй иуæн йæ тырыса фæйлауы, афтæмæй нæ фæсивæдæй чидæртæ та кафынц æмæ зарынц. Уый бæллæх нæу? Гъе, ахæм фæлдурæдджын рæстæг ма нæ æхсæнад та къордтæ, дихтæ кæнæм! Цæвиттон, мыхуыры фæрæзты редакортæй кусгæйæ, арæх æмбæлæм нæ кæсджытимæ. Æмæ уæдæ куыд, æнæ уымæй газет æмæ журналæн фидæн нæй. Æниу æнусты сæрты дæр нæ ахызтаиккой нæ республикæйы мыхуыры фæрæзтæ, адæм сæм сæ зæрдæйы ристæ, зæгъинæгтæ, фиппаинæгтæ æмæ бузныджы ныхæстимæ куы нæ цыдаиккой, уæд.**

**Уæдæ уынæм ахæм æнæраст хъуыддаг: иу иннæйы фæдыл нæм цæуынц, ног чи фæзынд, ахæм æхсæнадон змæлдтыты, къордты минæвæрттæ. Уæд фæзæгъынц, ирон æгъдæутты фарстатыл у нæ ныхас, уæд та æвзаджы рæзтыл. О, бæргæ риссаг фарстатыл куы дзуриккой, фæлæ æз лæгдæрæй, мæ фыд афтæ кодта, зæгъгæйæ, æгъдæуттæ æмтъеры кæнынц. Ам дæр та ”Иры Стыр Ныхас”-ы фарсмæ балæууыны, иу хъуыдымæ æрцæуыны бæсты чи Зилахармæ симы, чи та Куырттаты комæй æрыздæхы, афтæмæй æздæнонтæ кæнынц.**

**Ирон æмбисонд куыд зæгъы, мæсыг хи дурæй хæлы, афтæ рагæй-æрæгмæ æвзаджы фарста нæ адæмы æддæгмидæг ауайын кæны. Уый та у, знæгтæ цæмæ бæллынц, уый. Ис ирон литературон æвзаг. Йæ хъæздыгдзинад ис уый мидæг, кæй йын ис диалект æмæ ныхасыздæхтытæ. Уыцы хæзнатæн аргъ нæ кæнгæйæ, цъиувæдис кæнæм: сæфы ирон æвзаг, дзурæг ыл нал ис, нæ фыдæлты æгъдæуттæ сафæм. Æппæтæй тынгдæр йæ риу чи хойы, йæ фæдисы хъæр Хъæриуы хохмæ кæмæн цæуы, фылдæр знаггад уыдон кæнынц. Сæхи равдисыны охыл барæй æви æнæбары змæнтджытæ сты?..**

**Бæргæ, алчидæр йæ сæр куы ныггуыбыр кæнид, сфæлдыстадон кусджытæ куы цæттæ кæниккой æрыгæтты, уымæн æмæ литературæ æмæ мыхуыры фæрæзтæн дæр нæй райрæзт, ног нæмттæ, ног уацмыстæ куы нæ уа, уæд. Æвзагзонынадмæ бар чи дары, уыдон æвзаджы дарддæры рæзтыл куы архаиккой, алчидæр нæ йæ бинонты ’хсæн æгъдауæвæрæг куы уаид, æгæр стæмæй, мадæлон æвзагыл куы дзуриккам. ФÆЛÆ, УÆЛДÆР КУЫД ЗАГЪТАМ, АФТÆМÆЙ НÆ ЦЪИУВÆДИСГÆНДЖЫТÆН СÆ ФЫЛДÆРТÆ НÆДÆР СÆХÆДÆГ, НÆДÆР СÆ КÆСТÆРТÆ НÆ ДЗУРЫНЦ МАДÆЛОН ÆВЗАГЫЛ. СÆ ЦÆСТЫ КÆРОНÆЙ ДÆР НÆ УЫНЫНЦ СÆ МАДÆЛОН ÆВЗАГЫЛ ГАЗЕТ, ЖУРНАЛ, ЧИНЫГ.**

**Цæвиттон, æрæджы нæ республикæйы сæйраг сценæйæ райхъуыст, дыгурон диалект ныронг сæрмагонд æвзагыл нымад цæуылнæ цæуы, зæгъгæ. Уый нæ интеллигенцийы ’хсæн ныхас расайдта. Ахæм куырдиатимæ нæм æрбацыдысты, цæлхæмбырд скæнын хъæуы, зæгъгæ. Фæлæ, нæ бон цас уыди, уымæй сын сæ хъуыды аивын кодтам, уымæн æмæ нæм аив нæ кæсы, цæмæй айхъуыса нæ республикæйæ дарддæр. Газет ”Северная Осетия”-йы фæрстыл дæр æй уый тыххæй нæ рауагътам. АФТÆМÆЙ ГАЗЕТ “РÆСТДЗИНАД”-Ы РЕДАКЦИИМÆ ИУ ХЪУЫДЫМÆ ÆРЦЫДЫСТÆМ: МАДÆЛОН ÆВЗАДЖЫ ФАРСТАТЫЛ НЫХАС ХЪУАМÆ ЦÆУА, ИРОНАУ ЦЫ МЫХУЫРЫ СÆЙРАГ ФÆРÆЗ ЦÆУЫ, УЫМ. Абон, нæ бæстæ зын уавæры кæй ис, уымæ гæсгæ ацы фарстатыл быцæу кæнын махæн аив нæу. Ацы хъуыддаг нæ гæлиртæ кæй кæны, иу адæмы кæрæдзийы ныхмæ кæй ардауы æмæ политикон æгъдауæй Кавказæн, æмткæй Уæрæсейæн дæр хæрзмæ кæй нæу, уый сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, æви… Уыцы хабæрттæ чи кæны, уыдон сты ирон адæмы знæгтæ. Æрбангомы бæсты нæхи дихтæ кæнæм æхсæнадон змæлдтытыл, къордтыл, ирон æвзагæн, цæргæсау, цы дыууæ тыхджын базыры ис, уыдон ын цыма нæхæдæг тæхгæ-тæхын лыг кæнæм. Зæрдæ кæны мæгуыр нæ алыварсмæ акæсгæйæ.**

**Ирон æвзагзонынады Абайты Васойы фæстæ Исаты Мæхæмæт докторон куысты бындурыл цы наукон монографи рауагъта ”Ирон æвзаджы дыгурон диалект”, зæгъгæ, уый ныхмæ нырма æвæрд не ’рцыдис ахæм бинонyг куыст. Фæлæ зæгъын хъæуы уый, æмæ республикæйы дыгурон диалекты райрæзтыл, алы æмвæзадыл дæр бирæвæрсыг куыст кæй цæуы: арæзт æрцыд Дыгурон театр, ис мыхуыры фæрæзтæ — газет ”Дигорæ”, литературон журнал ”Ирæф”, дыууæ районы газеттæ “Ирæф” æмæ “Дигори хабæрттæ”. Республикæйы телеуынынадты ис равдыстытæ дыгурон диалектыл. Уæдæ ма фехъуыстам ахæм æхсызгон хабар дæр, ”Аланыстоны райсом”-ы дæр кæй фæзынд сæрмагонд рауагъд дыгуронау. Цы ма уа хуыздæр! Æрмæстдæр кус, архай Ирыстоны рæзтæн, ирон æвзаджы цæрайæн! Фæлæ та уæддæр нæ сæр нæ кой свæййы æвзаг æви диалект?!**

## Æнæрхъуыды ныхас карз быцæу сайы



Цалдæр азы размæ Ирон театры нæ зындгонд актер æмæ режиссер Темыраты Дауытæн фæстаг фæндараст куы дзырдтам, уæд ныхасгæнджытæй иу, хуымæтæг адæймаг чи нæ уыд, ахæм, бафиппайдта, нæ республикæйы цæрджыты дыгурон хай цагъары уавæры кæй ис. Уый нæ, фæлæ Цæгат Ирыстоны дыгурæтты бартæ абарста Амырычы резервацийы цæрæг индейæгты уавæримæ. Мæнæн уæд фырмæстæй мæ дзыхы ныхас дæр нал бадт.

Уыцы хъуыдытæм хæстæг ныхæстæ, не 'хсæнад нын чи дихтæ кæны, ахæм æргом провокаци фехъуыстон Ирон театры ацы азы 1 мартъийы, дыууæ зындгонд фыссæджы, фыд æмæ фырт Малиты Георги æмæ Васойы номарæн изæры дæр. Загъта сæ стыр зонадон "цинтимæ", раздзæуæг суæвынмæ тырнæг адæймаг. Æмæ та сæвзæрдысты фыццаг бакастæй хуымæтæг фарстатæ. Интеллигенты ном хæссын кæй фæнды, уый хъуамæ, хъæрæй фæсидыны размæ, йæ ныхæстыл хъуыды ма акæна? Хъуамæ ма æмбара, кæм æмæ цы дзурын хъæуы, йæ хъуыдытæ куыд азæлдзысты, уый, уæлдайдæр, ныхас нацийы иудзинадыл куы цæуа, уæд? Ахæм адæм хъуамæ ма ‘мбарой, змæст дуджы кæй цæрæм, дунейы геополитикон уавæр тынг вазыгджын кæй у, нæ паддзахады æмæ, йемæ нæ чысыл адæмыхатты фидæнæн тæссаг кæй у, уый? Дунейы уавæр нæ не 'хсæнады æппæт удварны тыхтæ дæр баиу кæнын домы. Æрмæстдæр нæ иудзинад фервæзын кæндзæн æбæллиццаг фидæнæй. Æмæ ахæм рæстæг къæрццæмдзæгъд фехъусын æмæ хи равдисын дæ адæмы ахсджиаг фарстатæй уæлдæр сæвæр, уый куыд бамбаргæ у?!

Æз лингвист нæ дæн, фæлæ бæрæггонд у, ирон адæмы истори иртасджытæ Андрей Шегрен, Всеволод Миллер, æвзагиртасджытæ Юлиус Клапрот, Абайты Васо, Исаты Мæхæмæт, Гуыриаты Тамерлан æмæ иннæтæ дыгурон кæй нымадтой иумæйаг ирон æвзаджы диалекттæй иуыл. Ныртæккæ æндæрхуызон чи дзуры, уыдоны кад наукæйы уæлдæр у?! Цалдæр ахуыргонды — йæ рæстæджы, зæгъæм, Георгий Ахвледиани, абон — Дзиццойты Юри ирон æвзаджы æртыккаг диалектыл нымайынц къуыдайраг-дзауаг ныхасыздæхт. Фæлæ, фарст афтæ æвæргæйæ дæр никæй сæрмæ æрцæудзæн ацы ныхасыздæхт Ирыстоны æртыккаг, хицæн паддзахадон æвзаг схонын. Уæдæ никæд фехъуыстон, æмæ ирон адæмы ирон, хуссайраг кæнæ чысайнаг хай ирон ма уадзой диалект хонын. Æппынфæстаг, дыгурон диалекты (кæнæ æвзаджы — афтæ йæ хоныны ныхмæ дæр нæ дæн) статус хъуамæ æвзарой æнæ хъæлæбайæ республикæйы Парламенты æмбырдты, специалистты, æхсæнады хъуыды хынцгæйæ, кæмдæр базарты митингты нæ, фæлæ. Æз дæн, политикон кæнæ æндæр цыдæр пайдайы тыххæй æхсæнад чи змæнты, уыцы адæмы ныхмæ. Мæнмæ гæсгæ, нæ ацы фарстайы тыххæй фæдис кæнын нæ хъæуы, уыимæ йæ æдзух фæстæдæрмæ ‘ргъæвын дæр раст нæу. Дызæрдыггаг нæу æндæр хъуыддаг: нæ республикæйы ничи æмæ ницы къуылымпы кæны ирон æвзаджы дыгурон диалекты ахуыры æмæ рæзты хабæрттæ. Диалект йæхæдæг та у нæ адæмы национ химбарынады ахсджиагдæр фæрæзтæй иу.

**ЦЫБЫРТЫ Людвиг,**
**историон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы наукæты сгуыхт архайæг**

## Иудзинадæй хуыздæр ницы ис!



Хетæгкаты Къоста Иры лæппутæм, Иры фæсивæдмæ цы уацмысты сиды, уым æрмæст ирætты тыххæй нæ дзуры, фæлæ аланты æппæт фæдонтæм дæр. Фæнды иронау дзурой, фæнды дыгуронау, фæнды къуыдайрагау. Йæ фæдзæхст æххæстгонд куы цæуид, уæд, æвæдза, тæхудиаг уаид Ирыстон. Фæлæ рæстæггай афтæ рауайы, æмæ иуæй-иутæ иумæйаг мыды къæм агурын райдайынц. Ссарой йæ æви нæ, уæддæр хъæлæба сисынц, мах хуыздæр стæм, мах раззагдæр стæм, зæгъгæ, фæлæ нæм аккаг æргом здæхт нæ цæуы.

Стыр хъыгагæн у, уыцы хъуыддаджы тырысахæссæг кæй сты “интеллигенцийы” иуæй-иу минæвæрттæ. Уый тыххæй спайда кæнынц Ирыстоны зындгонд адæймæгты нæмттæй, патриоттæй. Кæцытæ адæмы нæ дихтæ кодтой, чи цы ‘взагыл дзуры, уымæ гæсгæ. Зæгъæм, 1917 азы ноябры Малиты Георги парти "Кермен"-ы номæй В. И. Ленинмæ цы тел ныццавта, уым афтæ фыста, Ирыстон цæттæ у революцийы лозунгтæ царды рауадзынмæ, зæгъгæ.

Афтæ, Малиты Васо та йæ куыстыты ахъаззагдæртæ ныффыста дыгуронау нæ, фæлæ иронау. Йæ поэмæ "Ленин", роман "Сурмейы хæдзар", комеди "Саст бандон" ныффыста иронау. Комеди бирæ хæттыты равдыста Ирон театр. Мах иумæ куыстам телеуынынады æмæ чингуыты рауагъдады. Æз уыдтон, уым дæр ирон Фысджыты уацмыстæм цы цæстуарзонæй касти, уый. Уæдæ, республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар куы уыдис, уæд дæр ирон, дыгурон, къуыдайраг фысджытыл иухуызон аудыдта.

Диссаджы курдиатджын адæймаг Темыраты Дауыт рацыд Чырыстонхъæуæй (Дигорайæ). Никуы дихтæ кодта Ирыстоны дзыллæ ирæттыл, дыгурæттыл, къуыдайрæгтыл. Йæ цæхæркалгæ курдиат æмхуызон хæларæй лæвæрдта иумæйаг хъуыддагæн. Уыдис Ирон театры актер, драматург, республикæйы культурæйы министры хæдивæг, фысджыты цæдисы сæрдар, быдур сæвæрдта Дыгурон театрæн. Уыцы культурæйы кусæндон æмбар, æмсæр у Уырыссаг æмæ Ирон театртимæ.

Ирыстоны цæрджытæ абон дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ кæсынц уырыссагау, дыгуронау, иронау. Æз иудадзыг кæсын газет "Дигорæ", журнал "Ирæф" æмæ уыдоны фæрстыл никуы федтон, республикæйы "национ фарстайы" фæдыл радзурбадзуртæ. Сæ аразджытæн сын бузныг зæгъын.

Мæ ныхас хуымæтæджы нæ райдыдтон интеллигенцийæ. Хуымгæнджытæ, хортауджытæ, фосдарджытæ цыфæнды ‘взагыл куы дзурой, уæддæр сæ иумæ фидар бæтты фæллой. Уартæ ма бакæсут Октябрыхъæу æмæ Камбилеевкæмæ. Ирæттæ, дыгурæттæ, къуыдайрæгтæ сæ кæрæдзиимæ афтæ хæларæй цæрынц, æмæ сæм бахæлæг кæнын æмбæлы. Æмуд сты, Горæтгæрон районы нæ бæстæйы иннæ адæмыхæттытæй чи цæры, уыдонимæ дæр.

**МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег,**
**историон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы наукæты сгуыхт архайæг, Уæрæсейы ахуырады академийы уæнг-уацхæссæг, Цæгат Ирыстоны Фæллойы Хъæбатыр, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты президент**

## Ирон кæнæ дыгурон дæ, уæд æй хъуыддагæй равдис



Наукæ куыд амоны, афтæмæй ирæттæ иу адæмыхатты хуызы Уæрæсейы империйы дæлбар сты 1774 азæй фæстæмæ. Ирон адæмы ныддих кодтой æрмæст 1920 азы 7 майы, УСФСР-йæ Гуырдзиаг Демократон Республикæ куы рахицæн ис, уæд. Уыйадыл Хуссар Ирыстон меньшевикты Гуырдзыйы сконды баззад æмæ йæ уайтагъд геноциды азар басыгъта. Цæгатаг ирæттæ та, раздæрау, уыдысты Уæрæсейы империйы бартæ райсæг УСФСР-йы иу хай. Ирон адæм дихгонд куыд æрцыдысты, ууыл бæстон нæ дзургæйæ, бафиппайдзынæн, сæ дыгурон хай, куыд раздæр, афтæ ныр дæр ирон æвзаджы диалектыл нымад кæй цæуы.

Хицæндзинæдты тыххæй зæгъдзынæн, иу францаг нацийæн кæй ис дæс диалекты, иу италиаг нацийæн — уымæй ноджы фылдæр. Гъемæ хицауадæн кæмфæнды дæр хъуыдыйаг хъуамæ æрмæст нациты 'хсæн ахастытæ нæ, фæлæ диалектты хицæндзинæдтæ дæр уой. Кæд уыцы хицауад ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй тыхсы бирæнацион æхсæнады уавæрыл, уæд.

Цæгат Ирыстоны ма æдзух сисынц, дыгурæттæн сæхи æвзаг ис æви сын диалект у, уыцы фарста. Хъуыддаг æвзарын æвзагиртасджытæм кæсы, фæлæ мæнæн дызæрдыггаг нæу, диалектыл æй нымайын кæй хъæуы, уый. Уым диссагæй, æнахуыр цыдæр хабарæй æппындæр ницы уынын. Диссаг мæм уый кæсы, æмæ газет "Дигорæ", стæй литературон журнал "Ирæф" æрвылаз дæр хæрзчысыл адæм кæй рафыссынц. Дыгурон диалект сæ мадæлоныл нымад кæмæн у, ахæмтæ Цæгат Ирыстоны сты 120 мин адæймаджы бæрц. Дзурынмæ йыл чи арæхсы, уыдон уыдзысты æппынкъаддæр 40 мин адæймаджы. Гъемæ мæ хæстæг хæлар æмæ æмхъуыдыгæнæг Сакъиты Эльбрус алы аз дæр цъысимы куы бахауы, "Дигорæ" сæхи зондæй æрмæст 200-300 адæймаджы кæй рафыссынц, уый тыххæй, уæд дыгурæтты æбæллиццаг хъысмæтыл хъыгзæрдæйæ ахъуыды кæнын. Уæдæ "Рæстдзинад"-ы уавæр дæр бирæ хуыздæр нæу. Ау, нæ историон хъысмæт нæ нæхи æбæрнондзинады тыххæй иннæ адæмты 'хсæн "атайын" кæндзæн?!

**ДЗИДЗОЙТЫ Валери,**
**историон наукæты доктор, профессор**

## Ныддихтæ æвзаг — ныддихтæ сты адæм дæр



Æвзаг æви диалект? Ацы æмбарынæдтæ арæхдæр баст вæййынц политикон кæнæ æндæр исты нысантæ æххæст кæнынимæ. Тæккæ ногдæр историйы зындгонд сты ахæм хабæрттæ, æмхуызон æвзæгтæ, чи сыл дзуры, уыдон æнцонæй кæрæдзийы æмбарынц, афтæмæй хицæн æвзæгтыл нымад кæм æрцыдысты. Зæгъæм, Югославийы сербаг-хорватаг æвзаг ныддихтæ кæрæдзийæн æнæ стыр зынтæй æмбарæн сербаг, хорватаг, босниаг æмæ черногориаг æвзæгтыл. Ныддихтæ æвзаг — ныддихтæ сты адæм дæр.

Уыимæ, Германы та æцæгдæр хицæн диалекттæ нымад цæуынц иу æвзаджы хуызтыл, национ политикæ та арæзт у немыцаг этносы иудзинад бахъахъхъæнынмæ.

Араббаг дунейы ис фæйнæхуызон диалекттæ, фæлæ сыл чи дзуры, уыдон æдзухдæр бахахх кæнынц, араббаг культурæ иу кæй у, æмæ йын аккаг аргъгæнæг сты.

Ома, национ политикæ, иу кæнæ иннæ политикон тыхты пайдайæн, гæнæн ис, æмæ искæцы æвзаджы хуыз хона æвзаг, иннæ уавæрты та — диалект.

Уый политикæ у. Наукæ та æвзаг æмæ диалекты æмбарынæдтæ æвзары æрмæстдæр наукон уагæвæрдтæ æмæ миниуджытæм гæсгæ. Зæгъæм, æвзаг диалектæй хицæнчындæуы кæрæдзийы æмбарыны æмвæзадмæ гæсгæ.

Фарон Уæрæсейы наукæты академийы Æвзагзонынады институт куыст фæци проект "Уæрæсейы æвзæгтæ"-йыл. Уый фæлгæты ахуыргæндтæ паддзахады æппæт æвзæгтæ, диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ дæр бæлвырд миниуджытæм гæсгæ равæрдтой. **Иртасæнты лексикон-статистикон хуыз равдыста, ирон æмæ дыгуроны бындурон лексикæтæн сæ 92 % æмхуызон кæй сты, æмæ уый у иу æвзаджы дыууæ диалектæн æвдисæн.** Проектæн ис йæхи сайт, уым æппæт бæрæггæнæнтæ дæр мыхуыргонд сты: http://jazykirf.iling-ran.ru/

Паддзахады хуыздæр экспертты æхсæнады хатдзæг хъуыдыйаг у, фæлæ хъуамæ æмбарæм, уый фылдæр лингвистикæ æмæ йемæ баст наукæтæн конд кæй у. Мах та хъуамæ хынцæм, иу адæм кæй стæм, æмæ архайæм не 'взаджы æппæт диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ хъахъхъæныныл æмæ рæзты фæндагыл æвæрыныл. Уый тыххæй та хъæуы скъолатæ æмæ иннæ ахуыргæнæндæтты æвзаг хуыздæр амонын, ахуырадон, аивадон литературæ, мыхуыры фæрæзтæ уадзын, фундаменталон æмæ царды ныртæккæ хъæугæ иртасæнтæ кæнын, æвзагæн ахъаз программæтæ аразын, йæ социалон авналæнтæ йын хъомысджындæр кæнын.

**ХЪАНЫХЪУАТЫ Зæлинæ,**
**историон наукæты доктор, профессор**

## Сæйрагдæр у æвзаг



Зæххы цъарыл цы бирæ диссæгтæ ис, уыдонæн сæ сæйрагдæр у æвзаг — адæм кæрæдзи кæй фæрцы æмбарынц, уыцы фæрæз. Æвзаг кæд, кæм æмæ куыд фæзынд, куыд равзæрд, уый ахуыргæндтæ рагæй сбæрæг кæнынмæ тырнынц, фæлæ абоны онг иу хъуыдымæ нæма ‘рцыдысты, стæй, æвæццæгæн, не 'рцæудзысты — тынг зын фарста у. Налхъуыт-налмасау ныппырх сты Зæххы къорийыл мингай æвзæгтæ: сæ иутæ — кæрæдзимæ хæстæг, иу бинонты уæнгтау æмхуызон миниуджытимæ, иннæтæ — бынтон алыхуызæттæ.

Æвзæгтæ æнцонтæй нæ раргом кæнынц сæ сусæгдзинæдтæ. Æмæ уый раст у: алы æвзаджы дæр "æмбæхст сты", цы адæмыхатт ыл дзуры, уымæн йæ истори, йæ зондахаст æмæ йæ удварн.

Зын зæгъæн у, ныртæккæ дунейы цал æвзаджы ис, уый дæр: иуæй, æвзæгты нымæц азæй-азмæ ивы, иутæ фесæфынц, "амæлынц", уымæн æмæ сыл дзурæг нал вæййы, иннæтæ та æндæр æвзæгтимæ сæмхæццæ вæййынц; иннæ лыггæнинаг фарста та баст у æвзæгты скондимæ. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ дунейы æвзæгтæн сæ фылдæр уыцы иугъæдон не сты: иу ран ацы æвзагыл афтæ дзурынц, иннæ ран та æндæрхуызон. Уыцы хицæндзинæдтæ бирæ сты æви нæ, æрмæст мырты дзурынадимæ баст сты æви лексикæ æмæ грамматикæйыл дæр фæзындысты, уымæ гæсгæ уыцы иу æвзаджы хицæн хуызтæ ахуыргæндтæ хонынц ныхасыздæхтытæ кæнæ диалекттæ.

Зæгъæм, ирон æвзаджы скондыл цы ахуыргæндтæ куыстой, уыдон дзы раиртæстой дыууæ ныхасыздæхты: А. М. Шегрен, ирон æвзаджы фыццаг грамматикæйы автор (1844 аз), уыцы диалекттæ хуыдта "скæсæйнаг" æмæ "тæгиатаг"; Абайты Васо, Исаты Мæхæмæт, Тахъазты Харум, Бекъойты Дмитри, Дзиццойты Юри æмæ иннæ лингвистты куыстыты ныхас цæуы "дыгурон" æмæ "ирон" диалектыл. Лингвистикæйæ дард чи у, уыдонмæ æнахуыр фæкæсы ахæм уавæр: ау, иумæйаг æвзаг дæр "ирон" у æмæ йæ иу хай, йæ иу диалект дæр "ирон" хуыйны? О, уый афтæ у, æмæ уым диссагæй ницы ис, ахæм уавæр дунейы стæм нæу. Зæгъæм, ис тибетаг æвзаг (дзурынц ыл 6 милуан адæймагæй фылдæр), æмæ, цы ‘взæгты къордмæ хауы, уый дæр хуыйны тибетаг (ацы æвзæгты бинонтæм хаст цæуынц 400 æвзагмæ хæстæг).

Ноджы ма иу цымыдисаг фарста. Мах "китайаг æвзаг", зæгъгæ, куы фæзæгъæм, уæд, цымæ, цавæр æвзаджы кой фæкæнæм? Ис, "стандартон", литературон кæй хонынц, ахæм китайаг æвзаг — путунхуа. Фæлæ "китайаг æвзаджы" ис диалектты 10 къорды. Дæс диалекты нæ, фæлæ дæс къорды! Уыимæ ацы диалекттæ кæрæдзийæ афтæ тынг хицæн кæнынц, æмæ сыл цы адæм дзурынц, уыдон кæрæдзи не 'мбарынц. Адæмы иу кæны сæ культурæ æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сæ фыссынад: китайаг иероглифтæн ис уыцы иу нысаниуæг, æмæ сæ кæд хицæн провинциты цæрæг китайæгтæ хицæн хуызы бакæсынц, уæддæр сын сæ мидис æмхуызон æмбарынц. Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, наукæйы хъуамæ ныхас цæуа "китайаг æвзагыл" нæ, фæлæ "китайаг æвзæгтыл". Уыцы хъуыдыимæ разы не сты китайæгтæ сæхæдæг — сæхи нымайынц, сæ иумæйаг æвзагæн бирæ хицæн хуызтæ кæмæн ис, ахæм иумæйаг адæмыл.

Уæвгæ, цæй дард ацыдыстæм? Мæнæ нæ фарсмæ Дагестан рагæй фæстæмæ хонынц "хæхты бæстæ — æвзæгты хох". Дагестайнæгтæн æртын æвзагæй фылдæр кæй ис, уый алчидæр зоны. Фæлæ ма уыцы æвзæгтæ сæхи мидæг диалекттыл дæр дих кæнынц. Зæгъæм, æрмæст авайраг æвзаджы ис иуæндæс диалекты, æртæ хицæн къордмæ чи хауы, ахæмтæ. Уыимæ, диалекттæ кæрæдзийæ афтæ адард сты, æмæ, зæгъæм, гидаг диалектыл дзурæг батлухагау дзурæджы не 'мбары, æмæ кæрæдзи бамбарыны тыххæй хъуамæ дзурой кæнæ литературон авайраг æвзагыл (йæ бындуры ис хунзахаг диалект), кæнæ уырыссагау.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы хъуыддæгтæ тынг цымыдисаг сты, фæлæ сæ иртасын хауы æрмæст ахуыргæндтæм. Æппæт адæмæн та сæ хæс æндæр у, бирæ ахсджиагдæр — æвзагыл дзурын, æвзагæн йæ алы хуызæй (ныхасыздæхт уа, диалект уа) дæр пайда кæнын, йæ алы мыр дæр ын, цæсты гагуыйау, хъахъхъæнын æмæ йæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ арæхстгай адæттын.

**КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,**
**филологон наукæты кандидат, доцент**

## Здæхт, диалект, æвзаг



Цы сты здæхт, диалект, æвзаг, уымæн наукæйы бæлвырд нысаниуæг нæй абоны онг дæр. Алы ‘взаджы дæр уыцы терминты бавæрынц фæйнæхуызон хъуыды. Зæгъæм, рязайнаг здæхт арæх фæхонынц "рязайнаг диалект", кæд æмæ чысайнаг здæхт, ирон диалектимæ абаргæйæ, фылдæр хицæндзинæдтæ банымайæн ис, уæддæр.

Уымæ гæсгæ, ирон æмæ дыгурон æвзæгтæ кæрæдзиимæ абаргæйæ, диалекты æууæлтæ цæмæн хæссынц, уый хынцынæн хъæуы равзарын, цы хонын æмбæлы "здæхт", "диалект" æмæ "æвзаг".

1. Здæхт. Æвзаджы здæхт нымайын хъæуы, æвзаджы мидæг хицæндзинæдтæ фонетикæ æмæ лексикæйæ дарддæр куы нæ ахизынц, уæд. Зæгъæм, чысайнаг кæнæ дзауаг ныхасы миниуджытæ ирон литературон æвзагæй хицæн кæнынц цыппар мыræй: чысайнагау, дзауагау, иронау фæйнæхуызон дзурынц мыртæ **с, з, ц, дз**. Ис ма дзы иуæй-иу фонетикон хицæндзинæдтæ, фæлæ уыдон æрмæст ныхасыхъæдыл фæбæрæг вæййынц, æвзаджы мидисмæ та ницы бар дарынц. Се 'хсæн ис лексикон хицæндзинæдтæ. Фæлæ уыдон бирæ куы нæ вæййынц, æмæ фылдæр ныхас алы здæхтыл дзургæйæ дæр æмбæрст куы вæййы, уæд уыдон ахæссæн ис "бынæттон" ("местечковые") лексикæмæ дæр.

2. Диалект. Иу æвзаджы кæнæ хæстæг æвзæгты фонетикон, морфологон, лексикон æмæ синтаксисон æгъдауæй хицæндзинæдтæ куы вæййы, уæд уыдон та, кæрæдзиимæ абаргæйæ, лæууынц диалектон рахасты. Зæгъæм, ирон æмæ дыгуроны 'хсæн ис фонетикон, морфологон æмæ лексикон хицæндзинæдтæ. Синтаксисæн йæ фылдæр хай кæд æмхуызон у, уæддæр уым дæр ис иуцъус хицæндзинæдтæ.

XX æнусы райдайæны æртыккаг диалект схонæн æмбæлыди "уæллагкоймаг" здæхт дæр. Ирон литературон æвзагимæ абаргæйæ, се 'хсæн уыди фонетикон, морфологон æмæ лексикон хицæндзинæдтæ. Дыгурон литературон æвзагимæ абаргæйæ дæр ахæм хицæндзинæдтæ æмбæлыди се 'хсæн. Фæлæ, быдырмæ лидзын куы райдыдтой, уæд уæллагкоймæгтæй сæ иутæ пайда кæнын райдыдтой ирон æвзагæй, иннæтæ — дыгурон æвзагæй. Уымæ гæсгæ уæллагкоймаг диалекты дарддæры рæзынад бамынæг. Хохы ма дзы баззад цалдæр бинонтæ, фæлæ уыдонæн дæр, ирон литературон æвзаджы тæвагмæ гæсгæ, се 'взаг тынг аивта, уымæ гæсгæ йæ абон схонæн ис ирон æвзаджы "здæхт". (Сындзыхъæуы кæй хонынц "уæллагкоймаг", уый бынтон раст нæу, уымæн æмæ æндæр уавæрты фæзынди, стæй иронæй дард нæ ацыд).

3. Æвзаг. Цыфæнды здæхт дæр кæнæ диалект дæр схонæн ис "æвзаг". Стæй цыфæнды æвзаг дæр схонæн ис диалект кæнæ здæхт. Зæгъæм, таджикаг æвзаг, персайнаг æвзагимæ абаргæйæ, схонæн ис здæхт, уымæн æмæ се 'хсæн, дзауаг æмæ ироны 'хсæн цы хицæндзинæдтæ ис, уымæй фылдæр нæй. Фæлæ, зæгъæм, гиляйнаг диалект, кæцыйыл дзуры 3 милуанæй фылдæр, персайнаг æвзагимæ абаргæйæ, фæйнæхуызон æвзæгтæ сты — дзургæйæ кæрæдзийы дæр не 'мбарынц. Афтæмæй та таджикаг хицæн æвзагыл нымад цæуы, гиляйнаг æвзаг та нымад цæуы персайнаг æвзаджы диалектыл.

Æмæ уæд кæй æмбæлы схонын диалект кæнæ æвзаг?

Уый хынцын хъæуы, æмæ диалект у наукон термин, кæцыйæ пайда кæнынц, хæстæг æвзæгтæ кæрæдзиимæ куы фæбарынц, уæд: зæгъæм, ирон æмæ дыгурон. Уыцы хъуыдымæ гæсгæ, Республикæйы Конституцийы дæр сæ дыууæ дæр нысангонд цæуынц куыд "диалекттæ".

Цыфæнды здæхт дæр кæнæ диалект дæр социалон функцитæ куы феххæст кæны, уæд рахизы æвзаджы статусмæ.

Таджикаг здæхт, кæд персайнагимæ иу æвзаг сты, уæддæр нымад цæуы хицæн æвзагыл. Гиляйнаг диалект та персайнæгтæ кæд не 'мбарынц, уæддæр æй нымайынц персайнаг æвзаджы диалектыл, уымæн æмæ социалон функцитæ йын нæй.

Социалон функцитæ диалект райдайы æххæст кæнын, фыссынад, литературæ, ахуырад куы фæзынынц, уæд.

Ирон æмæ дыгурон диалекттыл уыцы-иу рæстæджы фæзынди литературæ (Къубалты Алыксандры чиныг "Æфхæрдты Хæсанæ" — 1897 аз, Гурджибети Блашкайы чиныг "Сахи рæсугъд" — 1898 аз, Хетæгкаты Къостайы чиныг "Ирон фæндыр" — 1899 аз). Ахуырад дæр иронау дæр æмæ дыгуронау дæр уыцы-иу рæстæджы фæзынд. Уымæ гæсгæ сæ дыууæ дæр райстой æвзаджы статус.

Кæд æмæ 1964 азы дыгуронау нал уагътой скъолаты ахуыр кæнын, уæддæр-иу фæзынди литературон уацмыстæ. Æмæ кæд абон, ирон æвзагимæ абаргæйæ, дыгуронау фылдæр скъолаты нæ ахуыр кæнынц (чингуытæ кæй нæ уадзы Ахуырады министрад, уый аххосæй), стæй ахуыргæнджытæ кæд нæ цæттæ кæнынц университеты, уæддæр йæ социалон функцитæ æххæст кæны. Уымæ гæсгæ ирон дæр æмæ дыгурон дæр, кæрæдзиимæ абаргæйæ, кæд хонæм диалекттæ, уæддæр сæ функцитæм гæсгæ сæ дыууæ дæр сты æвзæгтæ.

Ацы хъуыдыйы ныхмæ дзурджытæ сæ фылдæр æнцой кæнынц, 1930-æм азты цы теори фæзынд — "иу адæмæн хъуамæ иу литературон æвзаг уа" — уый мæнг хъуыдыйыл. Уæвгæ, 1930-æм азты, уырыссагау стæмтæй уæлдай ничи зыдта, æмæ ахæм теорийæн бындур уыдаид, дарддæр дæр афтæ куы ацыдаид, уæд. Фæлæ абон республикæйы цæрджыты 99% уырыссаг æвзаг зонынц мадæлон æвзагæй хуыздæр. Æмæ кæд ирæттæн абон сæхицæн сæ бон нæу æнæ уырыссаг æвзагæй сыгъдæг иронау дзурын, уæд дыгурæттæ куыдæй рахиздзысты иронмæ?! Истори куыд равдыста, уымæ гæсгæ хатдзæг скæнæн ис: дыгурæттæ иронмæ нæ рахиздзысты, уымæн æмæ уырыссаг æвзаг сыл тыхджындæр кæны. Уыимæ та ма, дыгуронау кæй нæ ахуыр кæнынц, уый тыххæй дыгуронау дæр тагъд нал дзурдзысты. Фæлæ, дыгурон куы фесæфа, уæд уырыссагау дзурджытæ фæфылдæр уыдзысты, æмæ ирон æвзаджы ассимиляци дæр фæтагъддæр уыдзæн.

Уымæ гæсгæ зæгъын æмбæлы: абон дыгурон æвзаджы ныхмæ дзурджытæ ирон æвзаг дæр былмæ тæрынц.

**ТАХЪАЗТИ Федар,**
**филологон наукæты доктор**

# рухсмæ — иумæ æнгомæй!



## Иу æвзаг бахъахъхъæнынæн не стæм!



Цы тæхудиаг вæййынц, иу къухы æнгуылдзтау, цы адæм æрбангом вæййынц, уыдон. Сæ ныхас кæрæдзиуыл кæмæн фæбады, сæ хъуыдытæ, сæ хъуыддæгтæ иу кæмæн вæййынц. Хуыцауæй арфæгонд фестæм, зæгъгæ, куы бабуц кæниккам мах дæр ацы ныхæстæй искуы нæхи нæ иудзинады фарстаты, æмткæй райсгæйæ. Фæлæ æвзаг нæ тасы, нæ алыварс цы цаутæн стæм æвдисæн, уыдонып цæст ахæсгæйæ.

Искуы дæр афтæ уыд, æмæ, дæхиуыл, дæ мадæлон æвзагыл ма 'рвæсс, былысчъилтæ йыл кæн, тыхæй ирон æвзаджы диалект æвзаг рахон æмæ дæхи уымæй буц кæн, æмæ иннæты дæр сæрыстырæй дæ мæнгвæдыл хон!

Дæ фыдæлтæй дын цы хæзнатæ баззад, уыдонып дæ къух ауигъ, къахæй ныллæуу æвзагзонынады нæ зындгонд ахуыргæндтæ цы иртасæн куыстытæ ныууагътой сæ фæстæ, уыдонып, æмæ сæрыстырæй былдауæн ныхæстæ кæн! **Бæндæн, дам, иу тагæй не 'ххæссыд æмæ йæ дыдагъ кодтой!** Уымæй ма хуыздæр абарст абон уа! Иу æвзаг бахъахъхъæнынæн не стæм æмæ дыууæйыл нæхи тонæм!

Хуыцау нын хорздзинæдтæ радтæд, фæлæ Ирыстонып æвзæр хабар куы æрцæуы, куы фæхъæуынц не 'хсæнæй нæ разагъды лæгтæ, уæд фæзæгъæм — ирон адæмыл æрцыд зиан. Афтæ не 'ппæтыл байуарæм нæ циндзинады æрдæфæнтæ дæр. Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Джыккайты Шамил, Гуырдзыбеты Блашка, Малиты Георги æмæ Васо куы амардысты, уæд дæр нæ хъыг иу уыд, уымæн, æмæ иу адæм стæм. Нæ рагфыдæлтæ иумæйаг цард кæнын куы райдыдтой, уæд адæмы æмæ се 'взаджы номæн дæр Ирон равзæрстой. Уый нысан кодта сæ иудзинад æмæ абон дæр хъуамæ сæ зондыл хæст уæм!

Амæй размæ Сабырдзинады проспекты телеуынынады журналист иу æрыгон лæппуйы фæрсы, ирон дæ, зæгъгæ. "Ирон нæ дæн, дыгурон", — дзуапп радта уый! Кæмæндæрты, æвæццæгæн, ацы ныхæстæ сойбайсæрдæгау сты, мæнæн та — рæхуыст! Уымæн, æмæ нæ ацы уавæр ныггæлиртæ кодта, иуæрдыгæй нæ кæрц æмпъузынмæ куы фæвæййæм, уæд та иннæрдыгæй фегом вæййы. Ирыстонæн фæсарæнты æмдзæхдон гуырдзиаг экстремисттæ цы хъыцъыдæттæ бануазын кодтой, æргом-фæсвæд ныл цы туг ныуuарын кодтой, уый фæстæ ма сын нæ республикæйы цæлдæттæ, сценæты дуæрттæ уæрæх гом, æмæ нын сæ зарджытæ нæ хъусты цæгъдынц, мæрдвынæй нæ бакодтой, нæ фæсивæды минæвæрттæ сын æмдзæгъд кæнынц, сæ тырысатæ нæ сæрмæ байтыгътой, афтæмæй.

Уыцы рæстæг та, нæ фæсивæды иннæ хай, Уæрæсейы кад æмæ намысыл цы фыдгæнджыты ныхмæ тох кæнынц, нæ лæппуты ныхмæ йæ хæцæнгарз æлвæстæй чи дары, уыдоны 'хсæн — гуырдзиæгтæ дæр. Куыд раст у уый? Цæмæй нæ фæхъæстæ кодтой, раст зылынæй куынал æвзарæм, уæд?! Суанг ма уызын дæр дунетыл куы фæзылд, æмæ уæддæр фæстæмæ æрыздæхт, мæ къудзийæ хуыздæр зæххыл нæй, зæгъгæ. **Уæдæмæ абон алчи канд йæхи гуылы бын æндзарын куы райдайа, уæд нæ иумæйаг гуыл æрдæг фыхæй баззайдзæн...**

**УАТАТЫ Зелим,**
**РЦИ-Аланийы Парламенты депутат**

## Бирæвæрсыг аудынад



Фæстаг азты ирон æвзаг парахат кæнынмæ стыр æргом здæхт цæуы. Цæгат Ирыстоны кусы 2021-2025 азты **"Ирон адæмы национ-культурон рæзты"** программæ, йæ фæлгæты ирон æвзаджы (уыимæ, сæрмагондæй — ирон æмæ дыгурон диалекты) дарддæры райрæзтæн арæзт цæуынц бирæ алыхуызон мадзæлттæ. Хъыгагæн, программæйы мадзæлттæ рæстæгмæ нæ цæуынц арæзт, фæлæ уал бантыст бирæ алыхуызон проекттæ саразын. Уыдонимæ: **"Нæмттæ", "Аланыстоны фæндæгтыл", "Фæстæмæ фидæнмæ"**, чингуыты армукъа **"Бакæсæм иумæ"**, телевизион ток-шоу **"Дзурæм иронау"**, ирон æвзагыл рацыдысты кинонывтæ æмæ анимацион нывтæ, арæзт æрцыдысты национ дзыллон информацийы фæрæзты сайттæ. Сæ фыццæгтæ уыдысты газет **"Дигорæ"** æмæ аивадон журнал **"Ирæф"**-ы сайттæ. Телевизион равдыстытæ цæуынц ирон æмæ дыгурон æвзæгтыл.

Фæстаг рæстæг республикæйы Мыхуыры хъуыддæгты фæдыл комитеты хъæппæрисæй арæзт æрцыд бирæ алыхуызон мадзæлттæ мыхуыры æмæ чингуытæ уадзыны къабазы, уыдонимæ — форумтæ, мастер-класстæ, лекцитæ, профессион дæсныйады премитæ. Архайынц дзы республикон æмæ муниципалон дзыллон информацийы фæрæзты минæвæрттæ, уыдонимæ, дыгурон æвзагыл чи фыссы æмæ дзуры, уыдон дæр.

Ирон æвзагыл арæзт цæуынц телеуынынады равдыстытæ. **Национ телекомпани "Осетия-Ирыстон"ы эфиры цæуы 25 равдысты — "Изæры рад", "Фæрдгуытæ", "Сасир", "Фæд", "Бинонтæ", йæ архайджытæ фæдзурынц дыгурон æвзагыл дæр. Йæ 30 азы юбилей бæрæг кæндзæн газет "Дигорæ", йæ алы номыры дæр дзы бакæсæн ис нæ разагъды адæймæгты æмæ фæсивæды æнтыстдзинæдты тыххæй.** Газеты тираж у мин экземпляры.

1991 азæй дыгуронау мыхуыры цæуы журнал **"Ирæф"**, йæ кæсджыты зонгæ кæны ирон литературæйы бынтимæ, фысджыты ног уацмыстимæ, ирон дзургæ адæмон сфæлдыстады цыртдзæвæнтимæ, уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг фысджыты тæлмацгонд уацмыстимæ.

Рауагъдад "Ир" стыр æргом здахы дыгурон æвзаг хъахъхъæнынмæ æмæ йæ рæзтмæ. Фæстаг азты мыхуыры рацыдысты Бабочиты Русланы æмдзæвгæты æмбырдгонд, роман **"Сурмейы хæдзар"** тæлмацгондæй, Гецаты Афæхъойы **"Дыгуры комы мыггæгты равзæрд"**, Къибирты Амырханы **"Кæрдæгхуыз стъалытæ"**, Дзидзойты Валерийы **"Дур-Дуры хъæуы истори"**, Гуырдзыбеты Блашкайы **"Дигоронау уаджимистæ"** æмæ æндæртæ.

**ГАБАЛТЫ Мæдинæ,**
**РЦИ-Аланийы Мыхуыры хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдары хæдивæг**

## Цы дзурай æмæ кæм дзурай...



Æрæджы нæ республикæйы фæсивæдон газет «Слово»-йы бакастæн цыбыр, фæлæ диссаджы мидисджын хъуыдыйад: «Хуыцау æвзаг иутæн радта адæмы кæрæдзиуыл бæттынæн, иннæтæн – зондамонынæн, аннæтæн та – адæмыл цъыф калынæн, кæрæдзиуыл сæ ардауынæн». Иттæг раст хъуыды! А фæстаг рæстæг кæйдæрты не 'взаджы стыр мæт бацыди, æвæццæгæн, сæ фырсагъæсæй æхсæв фынæй дæр нал кæнынц, мæгуырæг... Æмæ куыд нæ – уыцы вазыгджын фарста ма нын лыггонд куы 'рцæуид, уый йеддæмæ алцыдæр у нывыл, иттæг хорз, рæсугъд! Дуне топпыхосы боцкъайы хуызæн нæу, цæхæртæ йæ алыварс тыбар-тыбургæнгæ нæ ратæх-батæх кæнынц. Нæ фæсивæды хуыздæртæ тохы быдыры се 'взонг удтæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау нæ дæттынц, нæхæдæг, хистæртæ, ам, Ирыстоны, Цæгаты дæр æмæ Хуссары дæр æрвылбон кæнæ бонцухæй зиантæм нæ цæуæм, нæ рынчындæттæ алыхуызон низтæй тыхст адæмæй дзаг не сты, адæмæн сæ фылдæр хай сæ пенсийы капеччытæ раиваз-баиваз нæ кæнынц, нæ хъæбулты сомбоны мæт нæ нæ хæры ацы æмтъеры, змæст, тызмæг дуджы; нæ «зынаргъ», нæ «уарзон» сыхæгтæ нын алырдыгæй дæр нæ хъизæмармæ нæ бæллынц, гæппæвонгæй нæ бадынц... Цыбырæй – алцы дæр у иттæг хорз!..

Фæлæ æвзаг, æвзаг... **Иутæн мæ зæгъын фæнды – ныртæккæ дыгуронау чи фыссы (мæхæдæг дæр), уыдонæн абон цы гæнæнтæ æмæ фæрæзтæ ис, уыдæттæ нæ хистæр фæлтæртæм рæсугъд фынау, фæкастаиккой кæддæр. Уæд ма цæмæн хъæуы риуыгуыдыр хойын, адæмы зонд æмтъеры кæнын?** Æви цы дзурай æмæ кæм дзурай, уый æмбарынæн бирæ хъæуы? Хатгай адæймаг гуырысхо кæнын байдайы – кæд, мыййаг, æвзаджы мæт кæмæндæрты бынтон æндæр нысантæн æфсон у? Уый йеддæмæ не 'взаг, нæ литературæйыл зæрдæйæ æцæгдæр чи тыхсы, уыдон æнæ уæлдай радзур-бадзурæй сæ куыст хæссынц, уадзынц чингуытæ, газеттæ, нæ мадæлон æвзаджы дыууæ къабазæн æнæзæрдæхудт лæггад кæнынц, æцæг рухстауæг сты.

Иннæты та бафæрсин – æз мæ мады гуыбынæй кæй рахастон, кæимæ схъомыл дæн, уыцы ныхас, уыцы дзырд кæй хъыгдары, кæмæн æвæры цæлхдуртæ? Хуыцау мын æй куы радта, куыд мæ къæхтæ, къухтæ, цæстытæ?..

Æмткæй райсгæйæ та ацы ныхасы сæр схонæн ис иу фæсарæйнаг дзырдæй – абсурд. Æндæр куыд? Уæззау зонд, ахуыргонд адæм уæвгæйæ, нæ рæстæг, нæ хъару цæуылты сафæм!..

**ХÆМЫЦАТЫ Морис,**
**фыссæг, тæлмацгæнæг,УФ-йы журналистты цæдисы уæнг, газет «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг**

## Тæссаг нын у "уырыссаг ирæттæ" суæвынæй



**Дыгурæттæ æмæ ирæттæ иу адæм не сты, зæгъгæ, чи дзуры, уыдоны æз нымайын нæ дзыллæйы цыфыддæр знæгтыл.** Мæнмæ гæсгæ, мах стæм, дыууæ æвзаджы кæмæн ис, ахæм адæм, æмæ нæ республикæйы Конституцийы дæр раст амынд у, зæгъгæ, ирон æмæ дыгурон диалекттæн æмхуызон бартæ ис. Æрмæст сæ æз нымайын, иухуызон кæй хъуамæ ахуыр кæной, ахæм дыууæ хибар паддзахадон æвзагыл. Ам къуырцдзæвæн уый мидæг ис, æмæ нæм ныртæккæ дыгурон æвзаджы ахуыргæнджытæ никæм цæттæ кæнынц, æмæ ацы хъуыддагыл æмбæлы хорзæрдæм сахадын.

Иннæ хабар та ма уый у, æмæ æвзагиртасджытæ, историктæ, дыгурон ирон æвзаджы диалект у, зæгъгæ, кæй дзурынц. Иу адæм уæвгæйæ, историйы трагикон фæстиуджыты азарæй, æнусты дæргъы хицæн кæмттыл дихгонд уыдыстæм, кæрæдзийы нæ уыдтам, сыхаг адæмыхæттыты æвзæгты тæвагæй фæхайджын стæм, æмæ нæм дыууæ 'взаджы уый тыххæй фæзынд! Фæлæ абон дыууæ æвзагæй иу дæлдзиныг, кæнæ, Хуыцау ма зæгъæд, бынтондæр сыскъуыйыны зондыл куы ныллæууæм, уæд дыууæ æвзаджы дæр фесæфдзысты, ассимиляцигонд æрцæуудзыстæм æмæ нæ "уырыссаг ирæттæ" рауайдзæн. Ныр дæр, хъыгагæн, уыцы фæндагыл лæуд стæм, ноджы ма демографи дæр тынг æвзæр уавæры кæй ис, уымæ гæсгæ. Бафæрсæм-ма уæдæ нæхи, цас рæстæг ма нын баззад манкуртты къорд суæвынæн, не 'взæгтæ, уыдонимæ та не 'гъдæуттæ æмæ традицитæ фесафынмæ? Бафæрсæм, æмæ нæ мадæлон æвзæгтæн рæзты фадæттæ аразæм, æрыгæттæ сæ хорз куыд зоной, ууыл бацархайæм.

**ДЗЕКЪОТЫ Юри,**
**"Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæдивæг**

## Дихтæ, дихтæ — æдыхтæ!



Ирон адæм бирæ хъизæмæрттæ бавзæрстой. Хистæры зондæй æмæ кæстæры хъаруйæ бахъахъхъæдтам не 'взаг, не 'гъдæуттæ, нæ фыдæлты фарн. Авдæн ссис æрмæст авд сывæллонæн нæ, фæлæ 18-гай æмæ ноджы фылдæр аузынæн. Æмæ та бабирæ стæм. Бирæмæ та бирæ хъару ис, тыхгæнæг сæм нæ уæнды. Уæлдайдæр, æнгом, æмзонд куы уой, уæд.

Зын рæстæг та скодта ныр дæр ирон адæмыл. Кæд нымæцæй бынтон чысыл не стæм, зондагур никæмæ цæуæм, уæддæр , царды фæрæзтæ кусын нæ бон у, уæддæр ацы фæлдурæджджын рæстæг сæдых, слæмæгъ стæм. Уымæн æмæ кæрæдзи нал æмбарæм, кæрæдзи хæрæм, нæ нысан иу нæу, фæйнæрдæм хæцæм, нæ фидæны раз бæрнон нал стæм. Къостайы фæдзæхст: **"Ме 'фсымæртæ, кæрæдзи уарзгæйæ цæрут!"** не 'ххæст кæнæм. Уый уымæн, æмæ нæ иу цы миниуджытæ кæнынц: не 'взаг, нæ фыдæлты фарн, сæ рæсугъд æмæ мидисджын æгъдæуттæ, — уыдонып нæ къух исын райдыдтам æмæ сæрсæфæнмæ фæцæуынц.

Ир, дыгур æмæ къуыдарыл ссис нæ куыст, иуæй-иу цыбырзонд æмæ уымæй йæ куыроймæ фылдæр дон ауадзынмæ чи хъавы, ахæм адæймæгтæн — нæ адæмы знæгтæн. Æмæ æрмæст уый куы уаид. Фыдызнаджы куыст нын кæнынц, ирон адæмы Цæгат æмæ Хуссары дæр алыхуызон динтыл чи бафтыдта, уыдон. Ныддихтæ, ныкъкъордтæ стæм. Артæн бын фæнык та дзы йеговисттæн нæй. Уыцы "дины" тæваг цы ирон хæдзармæ бахæццæ вæййы, уым ирондзинад мыдадзын цырагъау ахуыссы.

Дихтæ æрмæст бынат æмæ дины азарæй не стæм. Фæстаг рæстæг æргом дихтæ кæнын райдыдтам хъæздгуытæ æмæ мæгуыртыл. , тынгæй-тынгдæр зынын райдыдта, ирон æвзагыл чи суæлæхох, йæхи, ирон дæн, зæгъгæ, уырыссагау чи хоны, уыдоны æмæ иннæты 'хсæн арæн. "Уæрæседзаутæ" фылдæр кæнынц Ирыстоны æмæ сæхи иннæтæй, йæ мадæлон æвзагыл иузæрдион чи у, уыдонæй иуварс ласынц. Ахсынц разамонæг бынæттæ æмæ сусæг-æргомæй ирон æвзаджы хурхыл хæцынц, къуырцдзæвæны йæ æвæрынц.

**Дихтæ, дихтæ — æдыхтæ.** Дихтæй, ай-гъай, систæм æдыхтæ. Арсены загъдау, ахæм уавæры "нæ зонд баиу кæнын никуы базондзыстæм". Æмæ æдыхæй-æдыхдæр кæнæм. Абон нæ адæмы фидæн кæмæй аразгæ у, уыцы ахсджиаг æмæ æнæмæнгхъæугæ лыггæнинаг фарстаты раз дихтæ куы уæм, хицæнтæй, иугæйттæй куы архайæм, уæд нæхи сайæм — ницы нын бантысдзæн. Дихтæй æдыхтæ кæй стæм, уый зондæй æмæ тугæй дæр банкъарæм. Нæ иумæйаг хъуыддаджы алыварс æмвæндæй куы æрлæууæм, уæд æмвæнд адæмы фарны хъæлæс уæлахизмæ хоны, сæ ныхмæ лæууæг та састы бынаты зайы.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби,**
**этнограф, журналист, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат**

## Нæ тых — нæ иудзинады



Нæ республикæ у бирæнацион, фæлæ Ирыстон æдзухдæр хицæн кодта уымæй, æмæ уыцы адæмы минæвæрттæ цардысты иу бинонты хуызæн, æфсымæртæ æмæ хоты хуызæн. Æмæ хъуамæ афтæ уа. Хæлардзинад, æфсымæрдзинад адæмæн фидæнмæ фæндаг рухсгæнджытæ сты. Уæлдайдæр та мах: ирæттæ, къуыдар, дыгур. Цы нын ис дихгæнинаг? Иу у нæ истори, иу сты не 'гъдæуттæ, иу сты нæ уидæгтæ, иу стæм нæ удты скондæй. Ирыстоны цыфæнды ран дæр æрлæуу, æмæ дын дзы зонгæ, хион, къабаз, хæстæг ма разына, уымæн гæнæн нæй. Чындзытæ... сиæхстæ... хæрæфырттæ...

Æз райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн Дыгуры районы Хъарман-Сындзыхъæу-Фалдоны. Бафтау-ма сыл Урсдон æмæ Къорайы. Уыдонæн сæ фыдæлтæ уыцы бынæттæм сæ рæстæджы цардагур æрбалыгъдысты Уæлладжырæй, Уæллагком, Дыгургом æмæ Ирыстоны алы рæттæй. Фондз хъæуы, фæлæ цардысты æмæ абон дæр цæрынц иу бинонты хуызæн. Иу у сæ цин дæр, сæ зын дæр, сæ алы хъуыддаг дæр.

**Алы адæмæн дæр сæ тых и сæ иудзинады, кæй зæгъын æй хъæуы, махæн дæр.** Мах милуантæ не стæм æмæ кæрæдзийы ратон-батон кæнæм, иутæ иннæты ныллæг кæной, иутæ иннæтæм сæрыстырæй кæсой, ма сыл æрвæссой, уыцы бар нын ничи дæтты. Бæндæн, дам, иу дыдагъæй не 'ххæссыд æмæ йæхи дыууæ дыдагъы кодта. Æмæ ма йæ мин æмæ мин хатты дæр зæгъдзынæн: махæн нæ тых у нæ иудзинады. Фæлæ ис ахæмтæ, адæмы кæрæдзиуыл чи ардауы, халæн куыст чи кæны. Уæвгæ, ахæмтæ æдзухдæр уыд æмæ уыдзæн. Æмæ уыдонæн хъæуы аккаг ныхкъуырд радтын. Уыдон адæмы кæнынц цъысыммæ, сæрсæфæнмæ. Уыдон сты адæмы знæгтæ. Æмæ уыдон ахæм æбуалгъ хъуыддаг кæй кæнынц, уый нæ зонынц? Тынг хорз. Фæлæ змæст доны кæсаг æнцондæр ахсæн у. Уыдон сæхимæ кæсынц адæмы сæрхъуызойтæ, патриоттæ... Ома, кæсут: æз уын нывонд кæнын мæхи. Æцæгдзинадæй.... Æцæгдзинадæй та уыдон æндзарынц сæхи гуылты бын, сæхи кадджын кæнынц, адæм сæ æппындæр не 'ндавынц.

Нæ адæм кæддæриддæр уыдысты зондджын, дардыл хъуыдыгæнæг æмæ сæхи сайын нæ бауадздзысты.

**АГЪНАТЫ Гæстæн,**
**Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар**

## Бирæ дзурынæй — бирæ кусын хуыздæр



Рæстæгæй-рæстæгмæ нæм сцырын вæййынц ныхæстæ нæ мадæлон æвзаджы абоны уавæры æмæ йæ сомбоны хъысмæты фæдыл. Иуæй уый хорз бæргæ у — ныртæккæ куы нæ бацархайæм нæ адæмы удварны хæзнатыл, уыдонæй та у нæ мадæлон æвзаг дæр, уæд, бауырнæд уæ, нæ сомбон æдзæллаг уыдзæн, стæй, тæрсын, истæйаг сомбон ма нын уæвгæ та уыдзæн...

Фæлæ иннæмæй та уыцы раныхæстæ-баныхæстæн сæ фылдæрæй зæрдæ æппындæр нæ ныфсджын кæны, уымæн æмæ, уыцы ныхæстæгæнæг "патриоттæн" сæ сагъæс мадæлон æвзаджы хъысмæтыл уыйас нæ вæййы, цас сæхи фæливæнты фæдыл. Уыдонæн мæ фæнды зæгъын: **"Уæ бирæ ныхæсты бæсты равдисут лæгдзинад æмæ бæлвырд хъуыддæгтæй нæ мадæлон æвзаджы сæрвæлтау хорздзинад аразут!.. Уæ рæстæг ницæйаг ныхæстыл ма хардз кæнут, фæлæ уæ алчидæр бавдæлæд æмæ бацархайæд цæмæй уæ алкæй мыггаг дæр фылдæр рафысса нæ национ мыхуыры фæрæзтæ!.."**

Æмбарын æй, уый афтид дзурынæй сæрæндзинад равдисын зындæр у, фæлæ цас хуыздæр уаид, уыцы "патриоттæм" бæлвырд архайды хъару куы разынид.

Афтæ зæгъинаг дæн, мæнæ абон дыгурон æвзаджы сæрыл, тынг хъыгдард æййафы, зæгъгæ, чи дзуры, уыдонæн дæр. Æз ныр æвддæс азы кусын республикон газет "Дигорæ"-йы сæйраг редакторæй æма ныронг никæй, уыимæ хицауады 'рдыгæй дæр ницы хуызы хъыгдард байæфтон мæ куысты. Нæ архайды тыххæй нæ февналæнтæ кæд бынтон æххæст нæма сты, уæддæр нын ныркон уавæртæм гæсгæ ис хъæугæ фадæттæ, цæстдард нæм ис бирæ цæмæйдæрты, уæдæ нæ фæллойæн кадгонд дæр цæуы — зæгъæм, азæй-азмæ нæ кусджытæй чидæртæ хорзæхгонд æрцæуынц нæ республикæйы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады премитæй, æндæр хæрзиуджытæй.

**Кæд нæ газеты редакцийы йæ куысты исты хъыгдары, уæд — нæ адæмы зынгæдæр хайы уæнгмарддзинад, нæ газетмæ цыфæндыйы цæстæнгас. Уый æппæты разæй бæрæг у, цал адæймаджы йæ рафыссы, уымæй. Фысгæ та йæ ракæнынц дæлæмæ дæр-уæлæмæ дæр... 250-300 адæймаджы.** Уый куыд ис бамбарæн? Ирыстоны цæрæг дыгурæттæй уал адæймагæй æндæр никæй хъæуы дыгурон æвзагыл газет? Нæ тираж хъуамæ æппынкъаддæр уа мин экземпляры. Æмæ уымæн уæддæр йе 'мбис кæй æрæмбырд кæнæм, уый дæр, зæрдæхæларæй нын чи феххуыс кæны æмæ газет йæ хъæубæстæн, йæ хионтæн, ветерантæн чи рафыссы, уыцы хицæн адæймæгты фæрцы.

**Зæгъут-ма, дыгурон æвзаджы сæрыл "дзурджытæ", газет "Дигорæ" рафыссынæй дæр уæ, дыгурон æвзаджы æдзæстуарзонтæ кæй хонут, уыдон хъыгдарынц?** Кæд æмæ нæхæдæг стæм аххосджын, нæ æгуыдзæгдзинад. **Стæй ма уый дæр зæгъинаг дæн, æма дыгурон æвзаджы хъысмæты фæдыл чи хъæрфæдис кæны, уыдонæн сæ фылдæрæй-фылдæр газет "Дигорæ" дæр æмæ журнал "Ирæф" фысгæ дæр нæ ракæнынц æмæ сæ нæ кæсынц.** Уый у сæ æгуыдзæгдзинады æвдисæн, æмæ сæхи сраст кæныны тыххæй та алыхуызон æфсæнттæ кæнынц. Стæй ма, никуы дзы ничи æрбацыд редакцитæм æмæ нæ бафарста, цæмæй уæм фæкæсæм, цæмæй уын феххуыс кæнæм дыгурон газет æмæ журнал рафыссыны хъуыддаджы, зæгъгæ.

Иугæр абон нæ ныхас мадæлон æвзаджы тыххæй у, уæд æнæмæнгæй зæгъын хъæуы иу ахсджиаг, бирæ цæмæйдæртæй тæссаг фæзынды тыххæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ чидæртæ карзæй дзурын байдайынц дыгурон æвзаджы ныхмæ, ницæмæн, дам, нæ хъæуы. Кæйдæрты хъуыды та ахæм у, цæмæй суанг ма дыгурон æвзагыл аивадон литературæ дæр уагъд ма цæуа! Уый æрра æмæ æдылы хъуыды у. Æмæ уæд Гуырдзыбеты Блашкайы, Малиты Геуæргийы, Багъæраты Созыры сфæлдыстад, нæ национ аивадон литературæйы фидауц та цы фæкæнæм? Уæдæ абон дыгурон æвзагыл фæлдисæг фысджыты сфæлдыстад та цы фæуа?

Дыгурон æвзаджы ныхмæ чидæриддæр дзуры, уыдон сты хиваст, сæ митæ та нæ хи зонындзинадæн, нæ адæмы иудзинад æмæ кæрæдзиуыл æнувыддзинадæн зианхæссæг, æмæ уыдонимæ ныхас кæнынмæ мæ сæр хæсгæ дæр никуы кодтон æмæ нæ хæссын. Фæлæ сæ знаггадæй бауромæг, ныхкъуырддæттæг нæй. Æмæ сæ куы нæ бауромæм, уæд сæ митæ исты фыдбылызтæ расайдзысты. Уыдон сæхи, мæнæ ирон æвзаджы сæрвæлтау тох кæнæм, зæгъгæ, æвдисынц. Фæлæ уый хиндзинад у. Зæгъæм, газет "Рæстдзинад" кæнæ журнал "Мах дуг" азæй-азмæ къаддæрæй-къаддæр адæм кæй рафыссынц, уымæй аххосджын дыгурон æвзаг у? Кæнæ ирон фысджыты чингуыты тираждæ 300-500 экземплярæй фылдæр кæй не свæййынц æмæ уыдон дæр, зæгъын æмбæлы, æлхæнæг нæй, уымæй дæр дыгурон литературæ у хъыгдарæг?

Дæрдтыл нæ дзурдзынæн, мæхимæ гæсгæ, афтæмæй дæр мæ хъуыды æмбæрст у. Фæлæ ма мæ тынг фæнды, нæ мадæлон æвзаджы цæргæсы дыууæ тыхджын базыры хуызæн дыууæ къабазы æфсымæрдзинад табуйаг кæй у нæ адæмæн, уый цæмæй бамбарой абоны дамдумгæнджытæ, цæмæй сæм бахъарой нæ æцæгæй дзырддзæугæ лæгты зондджын хъуыдытæ. Зæгъæм, мæнæ куыд фыссы Цæгат Ирыстоны адæмон поэт Дзасохты Музафер:

"Рæгъмæ цы нæ рахæсдзыстæм, ахæм нæй. Дыууæ Ирыстоны ис, дыууæ диныл хæст стæм, дыууæ 'взагыл дзурæм. Ирыстонтæ æмæ динты кой æндæр ран æндæр уавæрты кæндзыстæм, фæлæ æз цалдæр ныхасы зæгъынмæ хъавын не 'взæгты тыххæй. О, дзурæм дыууæ 'взагыл æмæ цæмæй æвзæр у? Цæуылнæ хъуамæ дзурæм дыууæ 'взагыл, кæд Хуыцауы афтæ бафæндыд, уæд? Нæ адæмы æвзаджы рагондæр хуыз цардæгас кæй у æмæ ирон æвзагимæ æмцыд кæй кæны, уый кæй бахъыгдардта?

Ирæттæй ма исчи йæхи дыгуроны бынаты авæрæд æмæ ма йын ирæттæй исчи афтæ зæгъæд, мах иууылдæр иу адæм куы стæм, уæд цæмæн хъæуы дыгурон театр, дыгурон газет æмæ афтæ дарддæр, кæддæра йæ зæрдæмæ фæцæуид? Нæ фæцæуид. Уæдæ зæрдæмæ чи нæ цæуы, уыцы хъуыддаг кæнын дæр нæ хъæуы.

Мæнæн иу адæймагæй тынг æхсызгон у, дыгурон æвзаг æрдæгфæндагыл кæй нæ баззад æмæ æнусты сæрты махмæ кæй æрхæццæ, уый. Не 'взаджы рагондæр хуыз зындзинæдтыл кæй фæуæлахиз, уый руаджы нæ ивгъуыдæй бирæ сусæгдзинæдтæ раиртасæн ис. Уый иттæг арф æмæ уырнинагæй равдыстой ирон æвзаг æмæ истори иртасджытæ, уæлдайдæр та Всеволод Миллер æмæ Абайты Васо. Цæмæй, дыгурон æвзаг кæй ис, ууыл цин кæнæм, уый тыххæй æрхæсдзынæн иу хуымæтæг, чи зоны, хуымæтæг у, фæлæ бирæ цæуылдæрты дзуры — æвдисæндар.

Цы амоны дзырд "файностæ"? Æвæццæгæн, уыцы фарстæн дзуапп радтын чи нæ базондзæн, ахæм зынæй разындзæн. Фæлæ, цымæ, куыд равзæрд, уымæн алчи дзуапп ратдзæн? Зынæй. Афтæмæй та дзы зынæй ницы ис. Ахуыргондæн нæ, фæлæ хуымæтæг адæймагæн дæр, дыгуронау "ностæ" цы амоны, уый куы зона, уæд.

"Ностæ" дыгуронау амоны "чындз..."

Уæдæ афтæ: дыууæ 'взаджы нæм кæй ис, уымæй тæрсын нæ хъæуы. Тæрсын хъæуы, иу æвзаг дæр нын куынал уа, уымæй. Уымæн æмæ уымæй æцæг тæссаг у..."

Мæнмæ гæсгæ, тынг раст æмæ зæрдæйыл бадаринаг хъуыдытæ загъы Музафер.

Кæронбæттæны та ма уый зæгъинаг дæн, æмæ абон æз, дыгурон газеты сæйраг редактор мæ зæгъинæгтæ фыссын иронау. Уый дæр уымæн, æмæ нæ мадæлон æвзаджы кæцыдæр къабазыл чи не 'рвæссы æмæ йæ ныхмæ чи дзуры, уыдоны фыддæрадæн — уадз æмæ йæ зоной, мæнæн нæ мадæлон æвзаджы дыууæ хуызы дæр сты хион æмæ зæрддагон, мæхицæн æй стыр амондыл нымайын, сæ дыууæйыл æмбæрцæй дзурын дæр, фыссын дæр æмæ кæсын дæр мæ бон кæй у, уый.

Уæдæ мæм хæлæг кæнут, нæ адæмон æвзаджы "сыгъдæгдзинадыл" къæркъæргæнджытæ!..

**САКЪИТЫ Эльбрус,**
**газет "Дигорæ"-йы сæйраг редактор**

**Уæдæ цымæ цы аивдзæнис ирон адæмы царды, ирон æвзажы дыгурон диалект æмæ ныхасыздæхтыты куы схонæм хицæн æвзæгтæ, уæд? Дыгуронау бинонты 'хсæн райдайдзысты дзурын? Къуыдайрæгтæ, туаллæгтæ, чысайнæгтæ, уæллагкоймæгтæ ... Цал дихы ма ис акæнæн нæ адæмы? Украинæйы фашисттимæ карз тохы цы ирон æвзыгъд лæппутæ бацыдысты, уыдоны раз нæхи раст дарæм? Нæ хъæбатыртæ хæсты быдыры сæ удтæй сабырдзинад æлхæнынц. О, фæлæ, мах та ам, сыгъдæг арвы бын, иу адæм уæвгæйæ, быцæу куы кæнæм. Цæмæн у лыггæнинаг фарста дыгурон диалект æви æвзаг? Диалект уæвгæйæ йын ис паддзахадон æмвæзадыл райрæзт, фæлæ нæдæр театрдзауты нымæц фылдæр кæны, нæдæр мыхуыры фæрæзты тираж, сæрхъуызойтæ сæ бинонты æхсæн нæ дзурынц дыгуронау. Уæрæсейы наукæты академийы æвзæгтæ, диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыты хицæндзинæдтæ сбæлвырд кæныныл цы бæстон куыст бакодтой, уым дæр съæлф æвæрд æрцыд. Уæлдæр Хъаныхъуаты Зæлинæ фæбæрæг кодта, иртасæнты хатдзæгтæ бакæсæн кæм ис, уый. Хæссæм сæ уæ размæ дæр: "Уæрæсейы наукæты академийы Æвзагзонынады институт йæ проект "Уæрæсейы æвзæгтæ"-йы цы хатдзæгтæ скодта, уым ис афтæ фыст:**

**1) "Ирон æвзаджы ирон æмæ дыгурон диалекттæн ис быцæйуаджы статус. Æркæсæм сæм бæлвырдгонд критеритæм гæсгæ: 1) Ирон æвзаг нымад у иумæйагыл. Уый ирон æмæ дыгурон æвзагыл дихгонд цæуы Glottolog (digo1242, Iron 1242) фæзуаты, æнцой кæны Д. Эршлеры (2018) иунæг уацыл. Ирон æвзаг ма уымæй уæлдай цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдонæй иу дæр ахæм хъуыдыимæ разы нæу.**

**2) Ирон æмæ дыгуроны 'хсæн æмбарынад, чи зоны, хæлд æрцыд, кæс (Исаев, Камболов, 2016), æмæ ма ирон æвзаджы тыххæй фарс Ethnologue (oss). Лексикостатистикæ — ирон æмæ дыгурон диалектты 'хсæн æмхуызон разындысты 92% дзырды, уый та дзурæг у иу æвзаджы диалекттыл.**

**3) Ирон æвзагыл чи дзуры, уыдонæн сæ фылдæр ирон нымайынц иу æвзагыл, иуæй-иу дыгурæттæ та — дыууæйыл. Ирæттæ æмæ дыгурæттæ сты иу адæмыхатт. XX æнусы кæронæй рæзыд канд ирон фыссынад нæ, фæлæ ма дыгурон дæр. Амынд бæрæггæнæнтыл æнцой кæнгæйæ мах ирон æвзаг нымайæм сæ дыууæтæн дæр иу æвзагыл фыссынады дыууæ уагæвæрдимæ".**

**Бирæтæ специалисттæ не сты, нæдæр æвзагиртасджытæ, фæлæ уæддæр сæ æнæраст хъуыдытæ рæгъмæ хæссынц ныхджынæй. Афтæмæй дæлдзиныг кæнынц æвзаг æмæ диалект дæр.**

**Æвзаджы фарст у политикæ. Нæй гæнæн уымæн, цæмæй иу адæмыхаттæн уа дыууæ æвзаджы!**

**Цæй, æмæ бавдæлæм, алчидæр нæ йæ бинонты 'хсæн райдайæд дзурын мадæлон æвзагыл, алы хæдзармæ дæр рафыссæнт газеттæ "Рæстдзинад", "Дигорæ", журналтæ "Ирæф", "Мах дуг", "Ногдзау", цæмæй кæстæртæ ахуыр кæной кæсыныл — уый удварнон хъомылад у. Тæхуды, æмæ нæм Хетæгкаты Къоста, Гуырдзыбеты Блашка, Малиты Георги, Абайты Васо, Исаты Мæхæмæт, Джусойты Нафи, Джыккайты Шамил иу каст куы ракæниккой!.. Цы æвзаджы райрæзтыл архайдтой, уый дзырддаг фæци...**

**Æрмæджытæ бацæттæ кодтой БИТАРТЫ Маринæ æмæ ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ**

Ирон æгъдæуттæ

# Куадзæн — комуадзæн

**Куадзæн ирон адæм тынг рагæй бæрæг кæнынц. Кæд æй ныр Йесо Чырыстийы райгасимæ бæттынц чырыстон дины кусджытæ æмæ чырыстон дингæнджытæ, уæддæр Чырыстийы райгуырдæй рагондæр у. Бæрæг æй кодтой Иудейы дæр. Маркы Евангелийы ис сæргонд "Куадзæны æхсæвæр". Уый райдайы афтæ: "Донгонд дзултæ бæрæгбоны фыццаг бон, Куадзæны уæрыкк æргæвдыны бон, Йесойæн йæ ахуыргæнинæгтæ загътой: "Куыд Дæ фæнды, кæдæм Дын ацæуæм Куадзæны фынг æвæрынмæ?"**

Куадзæны размæ-иу, æрæджы дæр ма, фылдæр адæм, уæлдайдæр хистæр кары фæлтæртæ бирæ рæстæг — авд къуырийы дæргъы дардтой ком, æмæ-иу ацы бæрæгбоны сæ ком суагътой. Комуадзæнæй рауад бæрæгбоны ном — Куадзæн. Вæййы хуыцаубоны, йæ хæдфæстæ къуырисæры та ирон адæм кæнынц Мæрдты Куадзæн. Æмæ мардæн йæ Куадзæны хай уыцы бон ныххæлар кæнынц.

Уæлмæрдмæ зилын, мæрдты ном арын, хойраг, нозт, дыргъ, халсар, ад-джинаг сын хæлар кæнын ирон адæм сæ уаз хæсыл нымайынц. Уымæн фæзæгъынц: **"Хъæубæсты, бинонты фарн базонын дæ кæд фæнды, уæд уал сын, фыццаджыдæр, сæ уæлмæрдмæ бацу. Æнæфснайд, æнæзылдæй йæ баййæфтай, уæд зон: сæ фарн фæцудыдта, фæкъахыр".** Ахæм хъæубæстæ, бинонтæ уæд ныллæууынц сæ мæгуыры фæндагыл — удыхъæд, зонд, æнгомдзинад æмæ мулкæй.

Æрдзæн ис афæдзы цыппар афоны: **уалдзæг, сæрд, фæззæг, зымæг.** Ирон цардæн та йæ афæдзы афонтæ сты æртæ — цыппæргай мæйтæй. Уыдонæй иу у **Цыппурсæй Куадзæнмæ**, дыккаг **Куадзæнæй Майрæмы Куадзæнмæ**, æртыккаг **Майрæмы Куадзæнæй Цыппурсмæ**. Куадзæн, Майрæмы Куадзæн æмæ Цыппурс — ацы æртæ бæрæгбонæй алкæй агъоммæ



дæр ирон адæм дардтой æмæ ныр дæр чидæртæ фæдарынц ком. Куадзæны агъоммæ — авд къуырийы, Майрæмы Куадзæнмæ — цыппæрдæс боны. Цыппурсмæ — цыппор боны. Цыппурс дæр уымæн хуыйны. Ком дарай æви нæ дарай, ирон адæмæй алчидæр йæхицæн хæсыл фæнымайы ацы бæрæгбæтты агъоммæ, æнæмæнг, йæ мæрдты ном ссарын, сæ уæлмæрдтæ сын бафснайын. Афтæмæй нæ уæлмæрдтæ афæдзы дæргъы зылдхъуаг никуы вæййынц. Куадзæнмæ сæ зымæджы "фæлхæрдтæй" сыгъдæг зæрдæйæ, алкæй дæр фæндыд уыцы бон куыдхуыздæрæй, хъæлдзæгæй, райзæрдæйæ арвитын. Уый тыххæй бæрæгбоны фынгтæ уыдысты алы хæринæгтæй дзаджджын. Уæлдай цинагдæр-иу уыд сывæллæттæн Куадзæн, алыхуызон ахуырст æйчытæ, сæ ног уæлæдарæсæй сæ рæвдыдтой. Уыцы бон-иу уыд айкæй хæцæн æмæ къамисæн бон дæр. Куадзæны боны ист къамтæ, æвæццæгæн, алкæй хæдзары дæр ис. Уæлдайдæр сывæллонæй ист къамтæ.

мархойы фæстæ комуадзæн. Фæцин кæнынц, уыцы бон Чырысти кæй райгас, ууыл. Къуырийы фæстаг бон ирæттæ хонынц — Хуыцауы бон. Уырысмæ та, чырыстон дин сæм тыхджындæр кæй у, уымæ гæсгæ хуыйны Воскресенье — Райгасы бон. Ирæттæй, чырыстон дин чи кæны, уыдонæн дæр Куадзæн баст у Йесо Чырыстийы райгасы бонимæ. Йæ хорзæх уæ алкæй дæр уæд!

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Мадæлон æвзаджы тыххæй

***

Æвзаг у хъуыды æвдисæн, зæрдæйы уаг æргомгæнæн фæрæз.

**НИГЕР**

***

Æвзаг у нацийы сæйраг бæрæггæнæн.

**БЕСТАУТЫ Гиуæрги**

***

Æвзаг æнæ стæг у, фæлæ стджыты ныссæтты.

**БЕСАТЫ Тазе**

***

Культурæйы сæйраг æвдисæн у æвзаг.

**ДЖЫККАЙТЫ Шамил**

***

Æвзаг у адæймаджы зæрдæ æмæ зонд.

**ДЗАСОХТЫ Музафер**

***

Йæ мадæлон æвзагыл чи нæ дзуры, уый мæм кæсы, тархъæды мæргъты 'хсæн йæхи ахстон кæмæн нæй, ахæм дзæгъæл цъиуы хуызæн.

**ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар**

***

Лæгъз æвзаг ивылд доны сæрты дæр хид у.

**БУКУЫЛТЫ Алыкси**

*("Рæстдзинад"-ы архивæй)*

Проект

# "Уæлахизы музей" сиды

**Ацы азы 9 Майы бæрæгбонмæ, Мæскуыйы Сæрæй кувæн хох кæй хонынц, уым "Уæлахизы музей" сиды Цæгат Ирыстоны цæрджытæм, цæмæй разæнгардæй архайой æппæтадæмон проект "Уæлахизы цæсгæмттæ"-йы. Æмæ нын феххуыс кæной, нацизмы ныхмæ карз тохы быдыры æмæ фæсчъылдыммæ чи фесгуыхт, уыдоны тыххæй æрмæг æмбырд кæныны хъуыддаджы.**




"Уыцы проект нын феххуыс уыдзæн, нæ хæстæджытæй фронты йæхиуыл чи нæ ауæрста Уæлахизы сæрвæлтау, уыдоны нæмттæ æнустæм адæмæн, сомбоны фæлтæртæн бахъахъхъæнынæн", — загъта "Уæлахизы музейы" директор **Александр Школьник.**

Цæгат Ирыстонæй музеймæ æрбацыд ныридæгæн мингай ахæм æрмæджы. Зæгъæм, архивы ис бакæсæн Бесолты Георгийы фырт Валентины тыххæй. 1933 азы каст фæци Батайскы граждайнаг уæлдæфон флоты скъола, уый фæстæ Одессæйы æфсæддон-авиацион скъола. Барвæндонæй ацыд хæстмæ. Уыдис 232-æм авиацион полчъы 8-æм уæлдæфон æфсады тæхæг — штурмовик. 1941 азы 10 июлы йын радтой лейтенанты ном. Фæмард уæлдæфон быцæуы знагимæ Сталинграды. Астраханы облæсты Лиманы районы хъæу Караванныйы Валентинæн сæвæрдтой цыртдзæвæн, йæ ном хæс сы бынæттон скъола.

Проекты архайынæн хъæуынц хæсты архайæг уæ хæстæджы хуызист æмæ йæ царды хабæртты фыстæг. Æрмæджытæ барвитæн ис проекты сайт "Уæлахизы цæсгæмттæ. УФ", зæгъгæ, уырдæм. Модератортæ йæ куыддæр сбæлвырд кæной, афтæ æрмæг æмбæлдзæн бацагурын порталы. Уымæй уæлдай ма проекты алы архайæгæн дæр фадат уыдзæн, Мæскуыйы уæвгæйæ, музейы стыр экраныл сæ намысджын хæстон хистæрты сурæттæ фенынæн.

Æппæт Уæрæсейы скъолаты музейты хъуамæ фæзыной сæхи хайæдтæ проект "Уæлахизы цæсгæмттæ" УФ-йы официалон сайты.

Ацы проект райгуырд 2019 азы 3 декабры. Ныридæгæн дзы ис 850 мин бинонты хабæрттæ. Æмæ уыцы къæбиц кæны фылдæрæй-фылдæр.

**Мария СМИРНОВА, "Уæлахизы музейы" æхсæнадимæ бастдзинæдты специалист**

Фæзуат

# Æмгуыстады бадзырд

**Хъырымы Ялтæйы Никитаг ботаникон цæхæрадоны æмæ Цæгат Ирыстоны минæвæрттæ æмгуыстады тыххæй бадзырд сфидар кодтой.**



— Цæгатирыстойнæгтæн ландшафтон уынаффæтæ рахæссыны æмæ бирæазон зайæгойтæ ссарыны хъуыддæгты баххуыс кæндзыстæм, — загъта ботаникон цæхæрадоны директор **Юрий Плугатарь**.

Цæгат Ирыстоны фæзындзæн стæм зайæгойтæ бахъахъхъæныны фæдыл фæзуат. Уымæй уæлдай, хъырымæгты фæрцы нын фæзындзæн наукон-иртасæн куыст æххæст кæныны фадат.

Амæй размæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй амынд проект баххæст кæнынæн бахардз кæндзысты 107,8 милуан сомы.

**Нæ уацхæссæг**

Цæрды фæд — адæмы фæд

# Нæ артистты хъæлдзæг ныхæстæй

***

**Тæбæхсæуты Бало хъазыди спектакл "Дыууæ хойы" Джызæлы Культурæйы хæдзары. Театрдзаутæ сын æрбахастой хуын — бедрайы дзаг арахъхъ æмæ бедрайы дзаг къабускайы цæхджын — ходынæн.**

**Антракты рæстæг Бало æрхызт сценæйæ, арахъхъ цы бедрайы уыдис, уый сæр байгом кодта, кружкæйæ дзы систа, анызта, йæ мидбылты бахудт æмæ загъта:**

**— Ацы Джызæлæн сæ дон дæр арахъхъы тæф кæны!**

***

Дыгургомы нæ артисттæ киноныв истой. Уалынмæ сæм кæцæйдæр мæскуыйаг туристтæ фæзындысты. Сæ "мерседес" фæурæдтой æмæ артистты фæрсынц:

— Скажите, пожалуйста, как проехать до Мацуты?

Хуырымты Уырызмæг сæм фыйиауы гримы бацыд æмæ сын уыцы зондджын хуызæй дзуапп радта:

— Это прямо, направо и... через два переворота.

***

**Баллаты Валодяйæн йæ хъуыр рыстис. Спектаклы размæ йын режиссер Цæлыккаты Мæирбег картæфтæ сфыхта æмæ йæм радта бæзджын кæлмæрзæн — дæхи дзы бамбæрз æмæ сæм улæф, зæгъгæ.**

**Рацыд дзæвгар рæстæг. Валодя ныхъхъус. Уалынмæ спектаклы райдайæнмæ ныццагътой фыццаг дзæнгæрæг, æмæ Мæирбег æрбазгъордта Валодямæ, æгъгъæд у, æрæджы кæныс, зæгъгæ.**

**— Фæлæуу æххæст! — дзуры йæм Валодя кæлмæрзæны бынæй, — дыууæ ма мын дзы баззад, æмæ уыдон дæр хæрд фæуон...**

***

Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист Цоциты Къæдзæхы иу хатт йæ фыд Никъо арвыста æвзалы æлхæнынмæ. Къæдзæх фæндагыл сæмбæлд йе 'рдхæрдтыл. Ресторанмæ бацыдысты, æмæ ма цæй æвзалы æмæ цæй цыдæр! Суанг талынгтæм фæцæл кодтой æвзалыйы æхцайæ.

Изæры йæ Никъо фæрсы:

— Лæппу, æвзалы кæм и?

Къæдзæх йæ рæдыд зыдта æмæ ныхъхъус, тыххæй ма лæууыд йæ къæхтыл.

— Æвзалы кæм и дæ фæрсын, лæппу?

— Цузы, Никъо, цузы!

— Кæм?

— Ам, Никъо, ам! — йæ тыппыр гуыбын бахоста Къæдзæх.

***

— Къæдзæх, цымæ хус сæн дæр сæры цæуы? — фæрсы йæ парткомы секретар.

— Цæуы, уæдæ цы кæны! Исты дын марксизм куы нæ у.

**Артистты ныхæстæ ныффыста ЧЕРЧЕСТЫ Хъæсболат**

Чиныгыл афæлгæст

# "Арыхъхъ — Заманхъул"

**Ирыстоны хъæутæ! Цæй рæсугъд æмæ цæй кадджын стут, цæй 'ввахс æмæ адджын стут удæн, цас æгъдау æмæ цас кад хæссут нæ дзыллæты иумæйаг æмæ арфæйаг цардмæ! Алчидæр уæ, йæ равзæрд æмæ абоны æрвылбоны цæстæй акæсгæйæ, йæ рæсугъддзинад æмæ фарнæй æнæхъæн чиныг нæ, фæлæ цалдæр томы куы у...**

Омæ уæ, цас цæуы зæрдæйау, цæй бирæвæрсыг æмæ зæрин стут, уæлдай рæсугъд æмæ æрвыгау цæхæркалгæ та — хъæуты йæ хурзæрдæ цæрджытæ!

**"Фыдæлты къуым, цымæ цы дæ, чи дæ? Адæймаджы зæрдæйы кæцы арфдæр уидагæй конд дæ, цæмæн дæ афтæ зынаргъ, æнæферохгæнгæ..."** — фыста зындгонд поэтессæ **Хостыхъоты Зинæ.**

Тынг æхсызгонæй мæ къухмæ райстон **Таутиаты Минтæйы** арæзт чиныг "Арыхъхъ — Заманхъул".

Мæ фыд-иу мын сабийæ, Æрыджынарæджы, нæ цæхæрайы хæйттæ, рувгæйæ, дзырдта: "Елхотты комæй, уæлæ бæрзæндæй куы акæсай, уæд, Арыхъхъы рæгътæ æвваxс сты, ардæм хорз зынынц, уым, дам, ис хъæу — Заманхъул".

Фæстæдæр 1986 азы декабры, Душанбейы уæвгæйæ, Ирыстон тынг мысыдтæн, æхсæв дæр мыл бон нал кодта, нæхимæ мæ фæндыд, фысымтæ-иу фынæй кодтой, æз та-иу рабадтæн, зæрдæуынгæгæй, цæссыгкалгæйæ-иу мыл сбон, æмæ уæд ме 'мдзæвгætæй иуы фыстон:

*Дард сты мæнæй,*
*бынтон дард,*
*Иры уæлхох цъæх*
*быдыртæ...*
*Ехxай, уым дæ*
*фæндыр айваз,*
*Дымджытæм дæ цагъд*
*куыд хъуыса!*

Ныхас "дымджытæ" дæр мæ фыдæй фехъуыстон, уыдон сты, Заманхъулы зæхxытæ Кæсæгимæ кæм баиу сты, уым, уыцы арæнмæ хæстæг арыхъхъы быдыртæ.

Фæлæ уæддæр чиныджы тыххæй зæгъдзынæн, кæй у райдианæй кæронмæ — æвæджиауы арф зонындзинæдты сыгъзæринтæ æвæрæн чыргъæд. Иу æрмæгæй иннæ æрмæг цымыдисагдæр, хъæугæ æмæ абоны фæлтæртæн зонинагдæр.

Зæххы фарн адæмы фарн у... Адæймаг цас фылдæр зона, уый бæрц æй фылдæр фæнды хорздзинад ракæнын йæ адæмæн.

Бæрæг у, автортæ Таутиаты Минтæ æмæ журналист, публицист Гасанты Валери æнæкæрон уарзтæй кæй уарзынц сæ Ирыстон, сæ адæмы æмæ стыр хъарутæ, бæстондзинад, æвæджиауы бæрндзинад хæсгæйæ, егъау куыст кæй бакодтой дыууæ азы дæргъы, чиныг барæвдз кæнынмæ. Сæ цæрæнбон бирæ!

Стыр бузныг, йæ фарсмæ чи балæууыд, чи баххуыс кодта чиныг рухсмæ рауадзынæн, уыдонæн дæр.

Чиныг арæзт у æртæ хайæ: Заманхъулы равзæрд æмæ йæ цæрджытæ, Заманхъулæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ, Заманхъул худы...

Чиныг "Арыхъхъ — Заманхъул" бацæттæ кæнын æнцон кæй нæ уыд, уый тыххæй мæнæ куыд зæгъы чиныгаразæг Таутиаты Минтæ:

**"Чиныг саразыны размæ бирæ фæхъуыды кодтон. Иуæй мæ фæндыд Ирыстоны адæмæн мæ райгуырæн хъæу Заманхъулы тыххæй радзурын.**

**1835 азы дзы æппæты фыццаг Хъуысаты Берд куы 'рцард, уæдæй фæстæмæ дзы бирæ цаутæ 'рцыди, уыцы цауты архайджытæ уыдысты ме 'хъæуккæгтæ дæр. Иннæмæй та тарстæн, уыцы ахсджиаг æмæ бæрнон хæс сæххæст кæнынмæ куы нæ сарæхсон, фæлæ, адæмыл мæ зæрдæ даргæйæ, мæ къухмæ фыссæн сис райстон.**

**Хъыгагæн, бæлвырддæр хабæрттæ чи зыдта æмæ сын æвдисæн чи уыд, суанг дзы архайгæ дæр чи кодта, уыдоны æз**




**нал æрæййæфтон, фæлæ пайда кодтон сæ фæдонты мысинæгтæй, фарстон сæ, сæ фыдæлтæй чи цы фехъуыста, уыдонæй. Спайда кодтон, мæ хъæуы тыххæй чи фыста, уыдоны æрмæджытæй, æмæ сæ фæрцы чиныг сцæттæ.**

**Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæтыл аххæссын мæ бон нæ баци, фæлæ мæ фарсмæ æрбалæууыд, йæ цæрæнбон бирæ, Заманхъулы истори æмæ абоны цардмæ куыдфæндыйы цæстæй чи нæ кæсы, фыдæлты уæзæгæн куыд хæрæфырт, балæггад кæнын йæхицæн кадыл чи нымайы, уыцы кæстæр, журналист æмæ публицист Гасанты Валери".**

Чиныг "Арыхъхъ — Заманхъул" у тынг цымыдисаг æмæ хъæздыг алыхуызон æрмæджытæй. Йæ райдайæны — "Ирыстоны фарны куывд", "Дурджын бæрзонды кувæндон", куыд равзæрд хъæу, чи йын сæвæрдта бындур, алы рæстæджыты хъæуы зындгонд, рухстауæг æмæ кадджын адæмтыл фыст уацтæ, зарджытæ, номарæнтæ. Уыдон кæсгæйæ, сæ цæст не 'фсæды, зæрдæйы та фæфæнды фылдæр базонын хъæуы азфыстытæй, суанг чиныджы кæронмæ.

Адæймаджы бафæнды фылдæр бакæсын æмæ базонын хъæуы истори, рагфыдæлты, сæ фæдонты тыххæй, æнусты ивылæнты сæ дин, сæ æрдз, зæрдылдарæн бынæтты нæмттæ, цæрджыты хицæн мыггæгты тыххæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Хъæбатырты, ахуырад æмæ фæллойы кадджын ветеранты тыххæй, хъæуы райрæзт, цæрджыты уæлахизтæ алы рæстæджыты æмæ се 'рвылбоны царды.

**"Уадз, æрвылбон дæр кæсæм нæ хæхтæм æмæ сæ уындæй райæм! Уадз, алчидæр нæ базонæд, Ирыстоны цард йæ рагондæр къахдзæфтæй, суанг йæ абонмæ, бамбарæд йæ алывæрсонæй, лæмбынæгæй. Алчидæр ног дуг, ног цардæн йæ зæрдæйы дуæрттæ бакæнæд, размæ цæуæд, агурæд ног гæнæнтæ",** — фыста кæддæр фыссæг Дзуццаты Хадзымурат.

Æнæ ивгъуыд нæй абон, адæм мæнгæй нæ фæзæгъынц, нæ абоны цард ивгъуыды уæхсчытыл æнцой кæны, зæгъгæ. Хъæуты хуыздæртæй иу, Заманхъул, æрттив æмæ цæхæртæ кал! Дæ уарзондæр хъæбултæй иу, поэт Чеджемты Æхсары загъдау:

Нæ Иры бæстæмæ Дурджын бæрзондæй кæддæриддæр хъуысæд "Заманхъуйлаг цагъд!"

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ



Хозиты мыггаг хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæн, хиуæттæн, къабæзтæн, сæ хæрæфырт

**АЙЛАРТЫ**
**Виссарионы фырт Алик**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты абон, 11 апрелы, Къостайы проспекты 224-æм хæдзарæй.

Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдис хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны цæдисы уæнг, поэт Абайты Эдуардæн, йæ фыд

**АБАЙТЫ**
**Хъæсболаты фырт Розынбег (Алыксандр)**

кæй амард, уый фæдыл.

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц, се 'мкусæг Абайты Эдуардæн, йæ фыд

**АБАЙТЫ**
**Хъæсболаты фырт Розынбег (Алыксандр)**

кæй амард, уый фæдыл. Зиан рахæсдзысты абон, 11 апрелы, Ногиры, Красины уынджы 7-æм хæдзарæй.

Хæлæрттæ æмæ сыхæгтæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Кæркуысты Хъазыбег æмæ Сосланæн, сæ мад

**КÆРКУЫСТЫ-ТЕБЛОЙТЫ**
**Зæирæ Малачы чызг**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты абон, 11 апрелы, Ногиры, Харебайы-фырты уынджы 16-æм хæдзарæй.

Журнал "Ногдзау"-ы редакци хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны се 'мкусæг Куындыхаты Валодяйæн, йæ мад

**КУЫНДЫХАТЫ**
**Ципкайы чызг Иринæ**

кæй амард, уый фæдыл.

**Продаем чернозем высокого качества, в мешках. Доставка. ТЕЛ.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;** 2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;** 4-æм фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3439. Заказ № 389. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**